

NYINAU BASA LAN SASTRA JAWA

Jilid V

KANGGO SEKOLAH DHASAR
KLAS V

Kaimpun dening :

Dra. A. SITI KOLIMAH Sd. Ikk.

1974

Penerbit "MURIA" Yogyakarta.

**NYINAU BASA
Lan
SASTRA JAWA**

Jilid V

KANGGO SEKOLAH DHASAR

KLAS V

Kaimpun dening :

Dra. A. SITI KOLIMAH Sd. Ikk.

1974

Penerbit "MURIA" Yogyakarta.

TANGGAP SABDA

Tumraping tiyang Jawi, tansah hambudidaya lestantuning basa lan sastra Jawi, menika sampun samesthinipun.

Sampun malih tiyang Jawi piyambak, saweg priyantun manca nagari kemawon kathah ingkang sami ngudi nyinau basa lan sastra Jawi, malah ugi nyinau kabudayan Jawi.

Supados basa lan sastra Jawi saged tetep lestantun ngrembaka wonten ing madyaning pasrawungan kanthi saé, mila satrepipun bilih nyinau basa lan sastra Jawi menika katindakaken wonten ing sekolah-sekolah.

Mila Dinas P dan K Ngayogyakarta Hadiningrat, kanthi jumedhul lan sumebaring buku "Nyinau Basa lan Sastra Jawa" anggitanipun sadhèrèk Dra. A. Siti Kolimah lkk wonten ing sekolah-sekolah dhasar, ndhèrèk bingah. Mila buku menika miturut pamanggih kula mungguh sanget tumraping putra-putra murid Sekolah Dhasar. Langkung-langkung manawi para mitra Guru wasis ngginakaken, buku menika isi piwulang ingkang saé tumraping laré-laré.

Mugi-mugi buku menika saged mbiyantu putra-putra murid Sekolah Dhasar ing Ngayogyakarta Hadiningrat anggènipun nyinau basa lan sastra Jawi kanthi sasaé-saènipun.

Ngayogyakarta, 15 Nopember 1974.

KEPALA DINAS P dan K
DAERAH ISTIMEWA YOGYAKARTA

ttd.

(Drs. Sinto Aribowo)

P R A W A C A N A

Anggèn kula ngrakit serat piwulang basa Jawi menika ing pangangkah kénginga kanggé imbet-imbet saha gladhèn piwulang basa ing Sekolah Dhasar, tuwin kénginga kanggé mbantu sampurnaning serat piwulang basa ingkang sampun katamtokaken déning pamaréntah.

Serat menika kula sukani tetenger "NYINAU BASA lan SASTRA JAWA" salaras kalian isinipun. Serat menika nge-mot piwulang dhasar bab : kawruh basa, paramasastra, nyerat, maos, kasusastran tuwin ngarang. Déné manawi kagalih kirang, para guru ingkang kawogan kula suwun anjangkepi saprelunipun.

Kula ngajeng-ajeng panyaruwé saha iguh pratikel saking para ahli tuwin sadhèrèk ingkang kawogan, amrih saéning serat menika. Sadèrèngipun kula ngaturaken genging panuwun.

Wasana, mugi-mugi serat menika wonten ginanipun tuwin murakabi tumrap pambudidaya ajenging panggula-wenthah.

Ngayogyakarta, 1 Rejeb 1906.

Panyusun

1. Radèn Mas Riyanta



Kira-kira sapuluh taun kepungkur RM. Riyanta magang calon juru tulis ing kantor Karésidhènan.

RM. Riyanta dudu putrané wong lumrah, wong tuwané priyayi luhur tur kajèn kèringan.

RM. Riyanta bocah ontang-anting. Dadi wis lumrah manawa dadi bocah ugungan.

Wong tuwané asma RM. Harjadipraja. Kajaba priyayi luhur, uga sugih ndrebala. Mas picis raja brana ora kepétung cacahé.

RM. Riyanta gagah sembada, bagus tur santosa. Sandhangané mompyor. Eman, amarga wiwit cilik kogung ing bandha, banjur dadi awatak angkuh, ambeg kumaluhur. Emoh srawung lan pepadha. Lagi pangkat calon juru tulis waé ambegé kaya priyayi luhur, rumangsané kaya Gupernur.

RM. Harjadipraja anggoné magangaké putrané pamrihè mung kanggo panglipur. Sokur bagé bésuk dadi priyayi luhur temenan. Dadi bisa mikul dhuwur, mendhem jero.

Kocapa ora antara suwé RM. Harjadipraja tilar donya. Déné jalarané gerah sedhih, amarga ngrasakaké kalakuané putrané. Putrané, yaiku RM. Riyanta kagala-gala, kagadhang-gadhang dadi priyayi luhur, apangkat dhuwur, jebul wasana dadi bocah mrusal.

Anggoné magang juru tulis metu, gawéné reroyalan. Royal jajan, royal nyandhang lan ngabotohan. Bandhané wong tuwané entèk gusis tanpa sisa.

Durung suwé iki RM. Riyanta katon mubeng-mubeng kutha nyangking kothak cilik, sadhela-sadhela tawa : Rokok rokoké! Sinten tumbas rokok!

RM. Riyanta dadi tukang ider rokok. Wong sing weruh duwé rasa welas lan ngelus dhadhané.

A. PITAKONAN.

1. Kapan RM. Riyanta magang calon juru tulis?
2. RM. Riyanta tunggalé pira?
3. Sapa asmané wong tuwané?
4. Wong tuwané sugih banget.
Apa nyata?
5. RM. Riyanta pawakané kuru, rupané ala.
Apa bener mangkono?
6. RM. Riyanta wiwit cilik kogung.
Kepriyé kadadéané?
7. Apa pamrihé RM. Riyanta dimagangaké calon juru tulis?
8. Ora suwé wong tuwané tilar donya.
Apa sababé?
9. Bareng wong tuwané ora ana RM. Riyanta kepriyé anggoné magang?
10. Wasana RM. Riyanta apa dadi priyayi?
Apa pagawéané?

B. NGOWAHI TEMBUNG.

Tembung-tembung ing sajroning kurung owahana. Wènèhana ater-ater ka-!

Wiwit cilik RM. Riyanta (ugung) bandha.

E, adhimu aja olèh ngemut klungsu mundhak (ulu)!

Prauné (ili) tekan sungapaning kali.

Yèn adus ing kali aja nengah-nengah mundhak (intir)!

Yèn wayah awan lintang-lintang ora (ton) saka bumi.

RM. Riyanta ora (arep nyambut gawé.

Dhuwitku (ari) Rp. 1.000,—.

Ora nyata manawa bumi iki (sangga) ing ula naga.

Wit munggur iku sigar (samber) bledhèg.

Pitikku ilang (colong) maling.

C. PARIBASAN.

Miliha tembung kang mathuk kanggo ngganepi paribasan ing ngisor iki!

Mikul dhuwur mendhem	imbuh
Gliyak-gliyak waton	seton
Timun wungkuk jaga	gebug
Kebo kabotan	jero
Ancik-ancik pucuking	gudhigen
Belo mèlu	sempal
Asu arebut	sungu
Kemladhéan ngajak	balung
Ula marani	eri
Ngitik-itik kirik	kecandhak

D. NGGANEPI UKARA

- RM. Harjadipraja priyayi kang *kajèn*
- Bocah-bocah padha mlayu *salang*
- Yèn lebar panèn pariné pak tani *tumpuk*
- Aja seneng umuk, luwih becik sing *andhap*
- Jagoku mentas tarung, sirahé *babak*
- RM. Riyanta iku *gagah*
- Bocah iku umuk, tur ora ngreti *tata*
- Anggoné nata kayu *nungsang*
- Cindhil-cindhil iku anggoné turu *tumpang*
- Anggoné nata sing tumata, aja *campur*

E. KAWRUH BASA.

Terangna!

Bocah ontang-anting	Bocah uger-uger lawang
Bocah kedhana-kedhini	Bocah pandhawa
Bocah dhampit	Bocah gondhang kasih
Bocah kembar	Bocah bungkus
Bocah kembang sepasang	Bocah tiba sampir

F. NULIS JAWA.

Tulisen nganggo aksara Jawa!

temenan	Harjadipraja
pikulan	Sasrasuganda
sadéan	Madyautama

dagangan
bebedan

Maswapati
Dwijasiswaya

G. *KAWRUH BASA.*

Terangna karepél

Bocah ugungan	=
Bocah aleman	=
Jadah goréngan	=
Jarik bathikan	=
Kebo alasan	=
Lawé wedelan	=
Barang colongan	=
Jaran momotan	=
Pitik ingon	=
Klambi tukon	=

H. *DHIKTE/NYEMAK.*

juru tulis; priyayi; ugungan; asma; ndrebala; raja brana; sembada; santosa; kogung; angkuh; ambek kumaluhur; srawung; panglipur; sokur; tilar donya; bebudèn; kagalagala; kagadhang-gadhang; jebul; mrusal; royal; ngabotohan.

I. *KAWRUH BASA.*

Terangna gawéané!

juru tulis	juru kunci
juru gedhong	juru dang
juru silem	juru tani
juru warta	juru taman
juru mupu béa	juru basa
juru gambar	juru misaya iwak

2. *Peksi Jathayu mengsah Rawa na*

Kacariyos Rama, Sinta lan Lesmana dumugi ing wana Dhandhaka, lajeng sami mbubak wana kanggé dedalem.

Dumadakan kadhatengan raseksa maatus-atus cacahipun. Para raseksa sami nggodha, ngganggu damel. Wasana dados perang.



Para raseksa sirna kataman panahipun Rama ingkang nama Guwa-wijaya.

Wonten raseksa nama Sarpakenaka. Sareng sumerep Lesmana manahipun gumun. Déné wonten satria bagusipun uleng-ulengan.

Lesmana kasaut badhé kabekta dhateng Ngalengka. Lesmana trengginas, Sarpakenaka gentos kasaut, kauntir irungipun.

Sarpakenaka lingsem, lajeng wangsul dhateng Ngalengka. Niyatipun badhé males wirang.

Sarpakenaka adul-adul, tembungipun : "Kakang Rawana, aku dipaéka satria. Saiki dedunung ing alas Dhandhaka. Satria iku duwé sadulur wadon, ayu rupané. Alisé nanggal sapisan, bangkèk-ané nawon kemit. Sajagad ora ana sing madhani ayuné".

Sakala Rawana cengkélak, mangkat dhateng wana Dhandhaka. Wil Marica ingkang ndhèrèkaken lampahipun.

Dumugi ing wana sumerep Dèwi Sinta kajagi déning Rama tuwin Lesmana.

Wil Marica kadhawuhan malih kidang emas. Kidang emas mlajar wira-wiri sacelakipun Dèwi Sinta. Dèwi Sinta sareng sumerep katarik manahipun. Rama kasuwun nyepengaken kidang menika.

Rama ngoyak-oyak kidang emas. Kidang emas mlajeng ngantos
tebih. Rama sêwot, kidang kapanah, kênging. Kidang njerit sora.

Dèwi Sinta mireng, kakinten swantenipun Rama. Lesmana ka-
dhawuhan tetulung. Lesmana lajeng kêsah.

Sapengkeripun Lesmana, Rawana nyelaki Dèwi Sinta, méndha-
méndha pandhita sepuh thikluk-thikluk. Dèwi Sinta kaglembuk,
wasana kênging kacepeng, lajeng kabekta mabur. Dèwi Sinta
nangis karanta-ranta.

Peksi Jathayu mireng tangisipun Dèwi Sinta, lajeng mabur,
badhé tetulung. Dèwi Sinta karebat, nanging kênging karebat
déning Rawana malih. Dados perang ramé.

Wasana peksi Jathayu kapedhang swiwinipun, sengklèh. Peksi
Jathayu dhawah, nglempuruk ing bumi.

Sareng Rama lan Lesmana dhateng, peksi Jathayu cariyos
bilih Dèwi Sinta kacolong déning Rawana. Rama lan Lesmana
lajeng bidhal, badhé nglurugi nagari Ngalengka.

A. PITAKONAN.

1. Rama, Sinta lan Lesmana teka ing endi?
2. Ana ing alas kono diganggu buta.
Pira cacahé?
3. Para buta sirna.
Apa sababé?
4. Ana buta wadon teka.
Sapa jenengé? Asalé saka ngendi?
5. Génèa buta wadon iku gumun marang Lesmana?
6. Sarpakenaka banjur adul-adul marang sapa?
Sapa sing ndhèrèkaké?
7. Rawana mangkat menyang alas Dhandhaka.
8. Dèwi Sinta kepéncut warnané kidang emas iku.
Sajatiné kidang emas iku malihané sapa?
9. Dèwi Sinta dicolong pandhita tuwa thikluk-thikluk.
Malihané sapa pandhita tuwa iku?
10. Sapa sing tetulung? Kasil apa ora? Apa sababé?

B. TEMBUNG TUNGGAL TEGES.

Tembung-tembung kang dicap miring gantinen tembung
iiya kang padha tegesé!

Rama diganggu déning para raseksa.

Para raseksa dipanah, sirna.

Sarpakenaka lingsem.

Wonten putri *sulistya* ing warni,
Dèwi Sinta sumerep kidang *kencana*.
Dèwi Sinta *kadhustha* déning Rawana.
Jathayu menika awujud *kukila*.
Jathayu *bandayuda* mengsah Rawana.
Peksi Jathayu dhawah nglempuruk ing *bantala*.
Dèwi Sinta sanget *sungkawa*.

C. NGOWAHI TEMBUNG.

Tembung-tembung ing sajroning kurung owahana.
Wènèhana ater-ater ka- lan panambang -an!

Rama lan Lesmana (dhateng) raseksa.
Dèwi Sinta (apus) déning pandhita tuwa.
Maling iku (unang) sing duwé omah.
Murid-murid (dhawuh) nggambar kueing.
Tuti (paring) arta Rp. 100,—.
Aku ora (iling) kancamu.
Montor maburé (tutup) mendhung.
Pakarangané (pager) wit lamtara.
Sawahé (rabuk) léthong kebo.
Giman (duka) guruné.

D. KAWRUH BASA.

Isènana ukara panyandra ing ngisor iki!

Alisé nanggal ... ~~kemut~~ *depisan*
Bangkèkané nawon ... ~~kemut~~
Drijiné mucuk ... *Eri*
Rambuté ngembang
Mripaté
Lambéné nggula
Kémpolé ngembang
Irungé ngudhup
Untuné miji
Guluné
Pipiné ndurèn
Bathuké nyéla
Idepé tumengèng
Rambuté
Athi-athiné ngudhup
Sinomé micis
Wangé nyangkal

- *Guhuné ngelung*
- *Pocongé manjang*
- *Pundhaké nraju*

E. MILIH TEMBUNG.

<p>Sang Prabu duka pathipun, ing wana, lajeng mbabadi ge- grumbulan.</p>	<p>sadhatengipun dhateng</p>
<p>Rama sampun ing wana Dhandhaka. Nagari Ngalengka mengsah. Rama prajurit saking Guwa- kiskendha.</p>	<p>dhumateng kadhatengan ndhatengaken</p>
<p>Apa tegesé nguyahi sagara? Dhèwèké njaluk dhuwit. Yèn arep mèlu, bapak dhisik! Yèn arep kokepèk, marang sing duwé! ing sajroning kurung iki terangna tegesé!</p>	<p>tembung tembungen nembung tetembungan nembunga</p>

F. DHIKTE/NYEMAK.

dumugi; dugi; mbubak wana; dedalem; dalem; maatus-atus;
 ngganggu damel; Guwawijaya; uleng-ulengan; trengginas;
 lingsem; wirang; adul-adul; dipaéka; satria; dedunung; sakala;
 cengkélak; wira-wiri; kepéncut; katarik; séwot; sora; tetulung;
 méndha-méndha; sepuh thikluk-thikluk; kaglembuk; karanta-
 ranta; sèngklèh; nglempuruk.

G. PEPINDAN.

- *Bagusé kaya*
- *Ayuné kaya*
- *Antengé kaya*
- *Cethilé kaya*
- *Padhangé kaya*
- *Raméné kaya*
- *Banteré kaya*
- *Deresé kaya*
- *Panasé kaya*
- *Kesité kaya*

H. CRITA.

Wacan ing dhuwur critakna nganggo basa ngokol

I. NGRACIK UKARA.

Gawéa ukara nganggo tembung-tembung ing ngisor iki!

dhateng	dalem	wangsul
dumugi	dedalem	mantuk
rawuh	nandalem	kondur

3. Harya Wrekodara golèk Tirtamarta



Kacarita bareng olèh dhawuhé Dhang Hyang Drona supaya ngupadi Tirtamarta, amrih unggul ing yuda, Harya Wrekodara banjur nyuwun pamit. Harya Wrekodara énggal bali menyang nagara Ngamarta sumedya pamit marang sadulur-saduluré.

Sang Prabu Yudhisthira lagi lenggah, kaadhep para rayi, Arjuna, Nakula lan Sadéwa.

Harya Wrekodara matur, menawa arep mangkat menyang gunung Candramuka, prelu golèk Tirtamarta. Para kadang nggo-dhèli, nanging Harya Wrekodara ora maèlu.

Harya Wrekodara énggal budhal, tumuju marang gunung Candramuka. Lakuné gegancangan, prasasat lakuné angin.

Satekané ing gunung Candramuka, nuli nggolèki papané Tirtamarta.

Dumadakan kepethuk danawa kembar, aran Rukmuka lan Rukmakala. Harya Wrekodara arep dimangsa déning danawa loro. Wasana dadi perang.

Rukmuka lan Rukmakala sirna, marga diudhèt-udhèt nganggo kudu panca kenaka. Danawa loro malih dadi Bathara Indra lan Bathara Bayu, mabur ing angkasa.

Harya Wrekodara nuli ngosak-asik gegrumbulan ing gunung Candramuka. Solahé kaya wong mendem. Gumuk-gumuk didhungkari, grumbul-grumbul dibabadi, guwa-guwa dileboni, nanging ora nemu banyu suci kang aran Tirtamarta.

Bathara Bayu ngandika saka ing angkasa : "Hé anakku. Sajatiné ing kéné ora ana banyu suci kang aran Tirtamarta. Kowé mung diapusi déning Dhang Hyang Drona lan para Korawa. Wis énggal balia waé!"

Harya Wrekodara sanalika éling, banjur bali menyang nagara.

A. PITAKONAN.

1. Harya Wrekodara arep golèk Tirtamarta.
Sapa sing dhawuh?
2. Harya Wrekodara nuli pamit marang sapa?
3. Sang Prabu Yudhisthira lagi kaadhep sapa?
4. Saduluré apa padha sarujuk?
5. Harya Wrekodara nuli mangkat menyang endi?
6. Ana ing kono ketemu sapa?
7. Harya Wrekodara apa olèh Tirtamarta?
8. Buta loro iku malih sapa?
9. Sajatiné Harya Wrekodara iku diapusi sapa?
Sapa sing kandha?
10. Bareng ora olèh kasil Harya Wrekodara menyang endi?

B. NGOWAHI TEMBUNG.

Tembung-tembung kang kakurung owahana. Wènèhana seselan -in-. Yèn prelu uga wènèhana panambang -an!

Banyu suci kang aran Tirtamarta ora (temu) ing gunung Candramuka.

Harya Wrekodara perang (krubut) ing buta loro. Grumbul-grumbul (babad), bosah-basèh.

Banyu suci iku (aran) Tirtamarta.

Harya Wrekodara (apus) déning Dhang Hyang Drona.

Banyu iku (ombé) déning para déwa.

Buta loro (idak) déning Harya Wrekodara.

Buta loro (candhak) sikilé loro pisan.

Buta loro (banting) ing watu.

Harya Wrekodara (ganjar) slamet.

C. *TEMBUNG TUNGGAL TEGES.*

Tembung-tembung kang kaecap miring salinana tembung liya!

Harya Wrekodara *sumedya* golèk Tirtamarta.

Harya Wrekodara pamit marang *kadang-kadangé*.

Harya Wrekodara ngupados *tirta* suci.

Harya Wrekodara kepéngin unggul ing *yuda*.

Tirtamarta iku mapan ing *wukir* Candramuka.

Harya Wrekodara nuli *ngupadi* papané Tirtamarta.

Harya Wrekodara *pancakara* mungsuh buta loro iku.

Danawa *kapupuh* mustakané.

Harya Wrekodara dikira wis *lampus* ing gunung Candramuka.

D. *KAWRUH BASA*

Harya Wrekodara uga peparab

Harya Wrekodara klebu kulawarga

Kabèh saduluré ana

Sing tuwa dhéwé jenengé

Sing pandhadha jenengé

Sing wuragil jenengé

Arjuna uga peparab

Harya Wrekodara nalika dadi jagal jenengé

Harya Wrekodara duwé anak

Kukuné Harya Wrekodara diarani

E. *TEMBUNG KRAMA — NGOKO.*

Tembung "énggal" ngokoné "rikat" utawa "anyar".
Tembung-tembung ing ngisor iki golèkana ngokoné!

kajeng =;

awis =;

badhé =;

nedha =;

labet =;

tindak	=;
mundhut	=;
kèndel	=;
supé	=;
tanglet	=;

F. TEMBUNG KAWI.

Tembung "yuda" padha karo tembung "perang".
 Tembung sisih kiwa gathukna karo tembung sisih tengen kang cocog tegesé!

- | | | |
|---------------|---|-----------|
| 1. tirta | — | lanang |
| 2. kusuma | — | uwong |
| 3. wisma | — | geni |
| 4. priya | — | banyu |
| 5. jalma | — | manuk |
| 6. kukila | — | rembulan |
| 7. bayu | — | kembang |
| 8. candra | — | srengéngé |
| 9. diwangkara | — | angin |
| 10. dahana | — | omah |

G. KAWRUH BASA.

Tembung "panca" tegesé "lima".


éka	=	sata	=
dwi	=	sasra	=
tri	=	saleksa	=
catur	=	sakethi	=
panca	=	sayuta	=
sad	=			
sapta	=			
hastha	=			
nawa	=			
dasa	=			

H. NGRACIK UKARA.

Gawéa ukara nganggo tembung :

dibabadi	nyuwun
ditegori	mundhut
ditutuhi	njaluk
dikethoki	nedha
dirembangi	nedhi

4. Harya Wrekodara golèk Tirtamarta



Harya Wrekodara njujug ing kraton Ngastina. Sang Prabu Suyudana lagi lenggah, sinéba ing para santana, Patih Sangkuni lan Dhang Hyang Drona uga sowan.

Harya Wrekodara teka, dumrojog tanpa larapan. Para Korawa cingak, awit kakira Harya Wrekodara wis sirna ing gunung Candramuka.

Dhang Hyang Drona gita-gita methukaké, ngrangkul Harya Wrekodara. Harya Wrekodara nesu, jaja bang mawinga-winga. Nêtra andik angatirah, kumedut padoning lathi.

Dhang Hyang Drona calathu ngarih-arih : "Hé, kulup bocah dhégus. Kowé aja agé-agé nesu. Dakkandhani rungokna, ya. Mangretia, déwa awèh wisik marang aku. Jaré banyu suci saiki wis ngalih mapan ing telenging sagara. Wis énggal golèkana!"

Harya Wrekodara cengkélak, mangkat menyang telenging sagara.

Lakuné mampir ing nagara Ngamarta, pamit marang kadang-kadangé. Kabeneran Prabu Kresna lagi rawuh ing kono. Harya Wrekodara kapenggak, nanging ora gelem. Kadang-kadangé nggondhèli, nuli kakipataké, kontal. Harya Wrekodara mangkat dhéwékan. Lakuné kaya angin.

Ora suwé teka ing gisiking sagara. Harya Wrekodara nuli nggebyur ing sagara.

Dumadakan ana ula naga, kumambang ing banyuning sagara. Ula naga ngalang-alangi lakuné Harya Wrekodara, wasana dadi perang.

Harya Wrekodara kagubel naga. Ula naga kaudhèt-udhèt nganggo kuku pancanaka, wekasan sirna malih dadi déwa kredhilaran Déwaruci.

Harya Wrekodara dituntun lumebu ing telenging sagara. Harya Wrekodara diwènèhi banyu suci kang aran Tirtamarta.

Harya Wrekodara bungahé ora kinira-kira, nuli bali menyang nagara.

Satekané ing Ngamarta gita-gita kapethukaké kadang-kadangé. Kabèh padha bungah-bungah, déné saduluré isih rahaya slamet.

Para kadang lan kawula sanagara padha pista andrawina mahargya tekané Harya Wrekodara.

A. PITAKONAN.

- 1.. Saulihé saka gunung Candramuka Harya Wrekodara njujuk ngendi?
2. Sapa kang lagi ngadhep ratuné?
3. Kapriyé tekané Harya Wrekodara?
4. Para Korowa padha cingak.
Apa sababé?
5. Dhang Hyang Drona kepriyé?
6. Harya Wrekodara katoné kepriyé?
7. Dhang Hyang Drona calathu ngarih-arih.
Apa sababé mangkono?
8. Harya Wrekodara apa ngandel marang pituturé Dhang Hyang Drona?
9. Harya Wrekodara pamitan marang sapa?
Sapa kang lagi rawuh ing kono?
10. Harya Wrekodara apa sida mangkat?
Olèh gawé apa ora? Sapa sing mènèhi?

B. NGOWAHI TEMBUNG.

Tembung-tembung kang dikurung owahana. Wènèhana seselan -um-. Yèn prelu wènèhana panambang -an!
Harya Wrekodara teka, (drojog) tanpa larapan.

Mripaté abang, lambéné (geter).
 Harya Wrekodara ora (kenthus), pancèn teguh karepé.
 Kowé aja (bagus), dumèh pinter lan bagus!
 Dawegané lagi (keruk).
 Krambilé lagi (bobor).
 Udané ora pati deres, mung (klambi).
 Kuthuké wis (kebet).
 Swarané (jlegur).
 Panasé (selèt), kaya mecah-mecahna gundhul.

C. MILIH TEMBUNG.

Pilihèn tembung kang mathuk!

Nalika menyang Semarang aku siwa.	methuk methukaké pethukan kepethuk dipethuk
Siwa ing setasiun lan putra-putrané	
Réwangé uga mèlu aku.	
Ana ing Semarang aku kancaku.	
Tujuné aku olèh, upama ora aku mesthi bingung.	

Bukuku iki kena kanggo piwulang basa Jawa.	nuntun dituntun tuntunan tuntun-tuntunan tuntunen
Ana wong picak loro, anggoné mlaku padha	
Tuti adhiné, awit dalané lunyu.	
Adhimu, supaya aja keplèsèt!	
Yèn mlaku dhèwèké kudu, awit sikilé isih lara.	

D. NGRAMPUNGAKE UKARA.

Harya Wrekodara kapenggak, nanging

Dhèwèké wis dakkandhani, nanging

Bapakné wis nuturi, nanging

Guruné wis dhawuh, nanging

Lampuné wis dakgedhèkaké, nanging

Tandurané wis dirabuki, nanging

Pitikku sing lara uga wis daktambani, nanging

Ban pitmu wis daktèmbèl, nanging

Sumuré wis ditawu, nanging

Radhioné wis diganti batu, nanging

E. **KAWRUH BASA.**

Ganepana!

telenging	tuntunging
dhasaring	tepinging
pucuking	agraning
madyaning	tengahing
gisiking	kikising
lambunging	èrèng-èrènging

F. **NGARANG/CRITA.**

Kowé apa wis tau ngreti critané kulawarga Pandhawa?
Critaa bab Pandhawa. Critakna bab Wrekodara utawa Janaka!

G. **UKARA PAKON.**

Ukara pakon uga kasebut ukara hagnya. Gawéa ukara hagnya nganggo tembung-tembung ing ngisor iki!

methuka	mangkata	mangana
pethukna	angkatna	pakakna
pethukana	angkatana	panganana
pethuken	angkatèn	panganen

H. **KAWRUH BASA.**

Tembung "kresna" tegesé "ireng".

pita =	rekta =
pingul =	wilis =
séta =	jenar =
langking =	dadu =
kaga kresna =	=
wanara séta =	=
jalak pita =	=
wreksa langking =	=
ancala pingul =	=
laler wilis =	=
kunir pita =	=
wé rekta =	=

I. **DHIKTE/NULIS JAWA.**

methukaké	pethukan
ngénggalaké	énggalan

mamitaké
nggebyuraké
ngalangaké

pamitan
gebyuran
alangan

J. *TEMBUNG CAMBORAN.*

dhégus = gedhé bagus

dubang =

wédang =

kongel =

yungis =

dhélik =

wangen =

kakkong =

bangcuk =

K. *NEGESI TEMBUNG.*

Tembung-tembung kang kaecap miring salinana tembung liya kang padha tegesé!

Wentisira angembang pudhak.

Rawisira nglaler méncok.

Réma memak ireng alus.

Gumbala ketel apanjang.

Kapundhi sanginggiling *mustaka*.

Kumedut padoning *lathi*.

Nétra andik angatirah.


Jaja bang mawinga-winga.

5. *Pujangga nakal*

Ana bocah jenengé Dirham. Bocah iku pinter, nanging nakal. Saben wong kandha, Dirham bocah nakal. Dhèwèké pinter dhéwé ing klasé. Saben ana garapan mesthi rampung dhisik dhéwé. Sawisé rampung banjur nggodha kancané. Guruné seneng marang dhèwèké, nanging kadhang kala duka-duka marga kanakalané.

Dirham duwé sadulur loro. Jenengé Bisma lan Darsana. Bisma iku kang pambarep, Dirham kang wuragil. Bapakné dadi mandhor tani. Embokné dodol reratengan.

Yèn bengi sabakdané mangan bocah telu padha sinau bebarengan. Bisma lan Darsana sregep anggoné sinau. Dirham ora betah sinau. Lagi sapuluh menit wis krasa kesel, nuli lèrèn ngajak omong kakangné. Kakangné jèngkèl, Dirham disrengeni. dikeplak sirahé



Anuju sawiji dina Bisma lan Darsana sinau ing kamaré. Lawangé dikancing saka jero, amrih Dirham ora ngganggu anggoné sinau.

Dirham ora seneng sinau dhéwé. Banjur thothok-thothok, arep mèlu sinau lan janji ora arep ngganggu kakangné.

Bisma ngengakaké lawang. Dirham mlebu ora nggawa apa-apa. Bisma mrengut, dikira Dirham mung arep ngrusuhi anggoné sinau.

Dirham lungguh karo nyawang lambéné kakangné. Bisma ngreti manawa adhiné ora nggawa apa-apa, banjur diwènèhi potlot lan dluwang sasuwèk, amrih ora ngrusuhi anggoné sinau.

Dirham nampani dluwang lan potlot. Suwé ora nulis-nulis. Bisma mangkel, nuli celathu sentak : "Dirham, ajara ngarang. Suk kowé rak dadi pujangga. Karangan bab bocah nakal!"

Dirham wiwit ngarang. Uniné mangkéné :

Bocah nakal.

Ana bocah telu. Jenengé Bisma, Darsana lan Dirham. Dirham iku nakal. Darsana kakangné bocah nakal. Bisma duwé adhi bocah nakal. Nèk ngono bocah telu nakal kabèh.

Iki karangané bocah nakal.

Bareng wis rampung karangan iku diwènèhaké Bisma. Bisma maca karo gumuyu. Pangunandikané : "Dhasar bocah nakal!"

A. NYURASA WACAN.

Wacanen ukara-ukara ing ngisor iki. Bener apa luput yèn koksuras karo isiné wacan ing dhuwur. Yèn luput benerna!

1. Dirham duwé sadulur loro.
2. Dirham iku tuwa dhéwé.
3. Saduluré sing tuwa dhéwé aran Darsana.
4. Dirham iku pinter, nanging nakal.
5. Dirham iku ora betah sinau.
6. Dirham ora tau nggodha saduluré.
7. Dirham kadhang kala dithothok Bisma.
8. Anuju sawiji dina Dirham dikon ngarang déning Darsana.
9. Dirham ngarang bab bocah sregep.
10. Bisma maca karangané Dirham, banjur mlecu.

B. NGRAMPUNGAKE UKARA.

Dirham pinter, nanging
Pak Mulyana sugih, nanging
Si Begog kumenthus, nanging
Buku wacan iki larang, nanging
Kembang iku èdi, nanging
Omah iku gedhé, nanging
Sumur iku jero, nanging
Dara iku kuthuk, nanging
Kucing iku galak, nanging
Dalan iku amba, nanging

C. MILIH TEMBUNG.

mlebu; klebu; dileboni; klebon; dilebokaké

Adhiku durung sekolah Taman Kanak-Kanak.
Harini wis Sekolah Dhasar.
Montoré ing kandhangé!
Omahku maling ing wayah awan.
Kupingku banyu.

nggawa; nggawakaké; gawan; gawané; digawa.

Bukumu adhiku.

Jaran iku kabotan
..... unggahna ing grobag!
Tuti wédang adhiné.
Mau aku weruh wong jala.

D. *NGGANEPI UKARA.*

Bisma ngengakaké Bisma ngengakaké <i>lawang.</i>

Greji nyurupaké
Pangon ngandhangaké
Guru nerangaké
Bulus ndhelikaké
Wasit ngunèkaké
Wong ngemis ngulungaké
Pandhu nuduhaké
Sudagar nyinggahaké
Kenèk Bis ngunggahaké
Tuti mbalèkaké

E. *KAWRUH BASA.*

Pujangga yaiku
Pandhé yaiku
Kuli yaiku
Maling yaiku
Niyaga yaiku
Grema yaiku
Gemblak yaiku
Jlagra yaiku
Greji yaiku
Gamel yaiku

F. *NGARANG/CRITA.*

1. Bocah nakal.
2. Bocah sregep sinau.
3. Ayo sregep sinau!
4. Adhiku nyenengaké.
5. Sinau karo kancaku.

G. KAWRUH BASA.

Dirham	sirahé.
Dirham <i>dithothok</i>	sirahé.
Dirham <i>dikeplak</i>	sirahé.

Harni	bokongé.
Tati	pipiné.
Badhu	jangguté.
Hirman	guluné.
Tarna	dhadhané.
Surti	sikilé.
Darma	tangané.
Martaya	mripaté.
Saraya	wetengé.
Kartala	kupingé.

H. NULIS JAWA.

Wulangan nomer G kasebut ing dhuwur isènana lan tulisen nganggo aksara Jawa!

6. Ngingu iwak

Saiki akèh wong ngingu iwak. Dudu iwak ing akwarium, nanging iwak kang gedhé kasilé. Iwak ing akwarium mung kanggo pasrèn, ora ana pituwasé. Pituwasé mung kanggo seneng-seneng. Lumrahé dipiara déning sadulur ing kutha kang omahé gedhong magrong-magrong.

Ing padésan akèh wong kang miara iwak kanggo ngundhakaké pangasilan. Kang lumrah dipiara yaiku iwak gramèh lan mujahir. Iwak gramèh iku gedhé, nanging suwé pangupakarané. Lan manèh angèl tangkar-tumangkaré. Déné iwak mujahir cilik, nanging gelis tangkar-tumangkaré.

Kowé apa ngreti carané ngupakara iwak mujahir?



Iwak mujahir bisa urip ing sadhéngah papan. Bisa urip ing banyu tawa utawa banyu asin. Ora milih papan sing hawané adhem utawa panas. Ora milih tanah pagunungan utawa tanah pasisir.

Yèn arep ngingu iwak mujahir gawéa blumbang kang jeroné kurang luwih 60 cm. Jaganen banyu tansah ganti, supaya tansah seger.

Iwak mujahir iku pangané ora anèh. Yèn ana pakanana ampas krambil, bungkil kacang utawa dhedhak lembut. Kadhang kala wènèhana rajangan godhong katès, tales lan sapanunggalané.

Mujahir wadon bisa ngendhog 1.000 iji nganti 2.000 iji. Coba upama ngingu mujahir 500 iji sajroné sataun kira-kira dadi pira?

Iwak mujahir iku akèh pangané, dremba banget. Mula ora prayoga kacampur karo iwak liya.

Iwak mujahir uga dadi réwang tumrap manungsa, awit kadhang kala mangani uged-uged anak lemut. Kajaba iku uga doyan mangan lumut kang sok kanggo ngendhog lemut.

Dadi cetha, ngingu iwak iku gedhé pédahé, kena kanggo panggaotan. Sinambi seneng-seneng olèh pangasilan.

A. PITAKONAN.

1. Akwarium iku apa?
2. Apa gunané ngingu iwak ing akwarium?
3. Iwak apa kang sok kanggo nambah pangasilan?
4. Iwak gramèh apa gampang tangkar-tumangkaré?
5. Iwak mujahir bisa urip ing endi waé?
6. Iwak mujahir lumrahé dipiara ing endi?
7. Iwak mujahir iku apa pangané?

8. Iwak mujahir wadon bisa ngendhog pira?
9. Iwak mujahir ora prayoga dipiara campur karo iwak liya.
Apa sababé?
10. Ngingu iwak iku gedhé paédahé? Apa sababé?

B. NGOWAHI TEMBUNG.

Tembung-tembung kang dikurung owahana. Wènèhana ater-ater pa- lan panambang -an!

Iwak mujahir uga diingu ing tanah (gunung).

Hastuti ngreti marang (gawé).

Aku ngingu iwak kanggo nambah (kasil).

Wedhusé dicancang ing (pring).

Luwak-luwak padha saba ing (kopi).

Pitik-pitik golèk pangan ing (uwuh).

Yèn dolanan aja ana ing (awu).

Murid-murid sinau ing (wulang).

Tuti siram-siram ing (taman).

Bapak lagi ngasah lading (cukur).

C. KAWRUH BASA.

Gatèkna tembung-tembung kang dicap miring. Bener apa luput? Yèn luput benerna!

Tembung *ngingu* asalé saka tembung *ingu*.

Tembung *pastèn* asalé saka tembung *asri*.

Tembung *padésan* asalé saka tembung *désan*.

Tembung *ngupakara* asalé saka tembung *pakara*.

Tembung *jeroné* asalé saka tembung *roné*.

Tembung *pakanana* asalé saka tembung *pakan*.

Tembung *pakanana* asalé saka tembung *jangan*.

Tembung *sataun* asalé saka tembung *taun*.

Tembung *ngendhog* asalé saka tembung *dhog*.

Tembung *sinambi* asalé saka tembung *nambi*.

D. KOSOK BALEN.

Saiki akèh wong ngingu iwak, arang-arang wong ngingu iwak.

Iwak gramèh iku *kuthuk*, iwak kutuk

Iwak mujahir *ndhemenaké*, iwak cucut

Iwak gramèh *angèl* tumangkaré, iwak mujahir

Iwak mujahir ora *anèh* pakané, waé.

Iwak mujahir *dremba*, iwak wader pangané.

Iwak mujahir bisa urip ing tanah *pagunungan*, uga ing tanah

Yèn ngingu gramèh kudu *sabar*, ora kena ngarep-arep kasilé.

Yèn ngingu iwak mujahir *énggal* mundhaké, ora kaya iwak gramèh.

Beciké iwak mujahir iku pakanana dhedhak *lembut*, aja dhedhak

E *DHIKTE*.

ngingu iwak	ngandhang sapi
mbrongsong jambu	negor gedhang
nyebar wiji	ngundha layangan
nyangkok sawo	ngèrèk kutut
ngumbah popok	mikul dhawet

F. *CRITA/NGARANG*.

Kowé apa wis tau ngingu iwak? Apa wis tau ndeleng papan kanggo ngingu iwak? Coba critakna! Iwak apa sing di-ingu ing papan kono? Apa pakané? Kepriyé pangupakarané? Lan sapanunggalané!

G. *NGRACIK UKARA*.

Gawéa ukara srana migunakaké tembung-tembung ing ngisor iki!

1. ingu	— iwak	— blumbang
2. jala	— iwak	— kali
3. iwak	— urip	— sagara
4. ingu	— iwak	— lemut
5. iwak	— endhog	— akèh
6. iwak	— dol	— pasar
7. apa	— piranti	— iwak
8. priyé	— cekel	— iwak
9. iwak	— ingu	— sawah
10. ingu	— iwak	— kasil

T u l d h a : Aku ngingu iwak ing blumbang.
Bapak njala iwak ing kali.

H. *NULIS JAWA*.

Omah gedhong magrong-magrong.

Iwak kutuk mati kethuthuk.
Kena iwaké, aja nganti butheg banyuné.
Iwak kecemplung ing wuwu.

I. *NGRAMPUNGAKE UKARA.*

Pak tanj tansah ngupakara
Juru rawat gawéné ngupakara
Juru taman gawéné ngupakara
Bapak lan ibu mesthi ngupakara
Srati iku gawéné ngupakara
Pakathik iku uga ngupakara
Bocah sekolah wajib ngupakara

7. *Ngemut legining gula*



Aku tau krungu paribasan uniné : Ngemut legining gula. Hara apa angger uwong ngreti tegesé?

Iku prakara lumrah. Bocah sing lagi ngemut gula mesthi ngrasakaké énak. Embok manawa dikon nglepèh emoh.

Saupama ana wong duwé pangkat luhur, bayaré akèh, kiraku wong iku ora gelem nyèlèhaké pangkaté. Luwih-luwih yèn pangkat iku arep diwènèhaké wong liya, éman-éman.

Ngendi waé ora ana wong gelem nampik prakara énak lan kepénak. Rak iya ta? Jenang gula, manawa kowé urip kepénak aja lali marang sanak, kanca lan tangga!

Saben wong tau krungu paribasan iku. Nanging kowé apa wis tau ngreti carané wong gawé gula? Kowé apa wis tau ngreti carané wong ndèrès?

Kang lumrah didèrès yaiku wit arèn utawa wit krambil, Kembang krambil kang isih wungkul kasigaran mancingé. Yèn wis lerem sadina banjur diuruti kembangé. Sawisé iku katalénan kengceng. Soréné puçuking gagang kembang kang wis kempel kapagas. Piranti kanggo magas jenengé jompong.

Tilas pagasan iku mrentul banyuné, suwé-suwé tumètès. Tètèsan banyu iku ditadhahi bumbung, jenengé legèn utawa badhèg. Rasané legi. Saben ésuk lan soré bumbung iku diganti.

Kowé éling ta parikan : Klonthung-klonthung, wong ndèrès buntuté bumbung?

Legèn iku digodhog, suwé-suwé kenthel. Supayané dadi gula kudu kapancing nganggo gula kang wis atos. Yèn ora, dadi gula jemèk utwa glali.

Déné yèn ndèrès wit arèn carané padha, nanging bumbungé dawa, anggoné mènèk nganggo andha. Wit arèn iku legéné luwih deres lan luwih akèh.

Legèn uga kena digawé cukak, kanggo bumbu olah-olah.

Wasana, jenang gula mas, aja lali. Kepriyé wong gawé gula? Apa tegesé paribasan : Ngemut legining gula?

A. PITAKONAN.

1. Gula iku rasané kepriyé?
2. Apa gelem bocah nglepèh gula kang lagi diemut?
3. Apa ana wong nampik prakara énak lan kepénak?
4. Apa kang lumrah didèrès uwong?
5. Jompong iku apa?
6. Pendhak apa wong ndèrès ngganti bumbungé?
7. Généa bumbung kang kanggo ndèrès wit arèn luwih dawa?
8. Glali iku apa?
9. Legèn kena digawé apa?
10. Kajaba gula krambil lan gula arèn apa ana gula jinis liya?

B. NGOWAHI TEMBUNG.

Tembung kang dikurung owahana supaya laras karo ukarané!

Gula iku (rasa) legi.

Sirahku (rasa) ngelu lan abot.

Ora ana wong gelem (tampik) prakara énak lan kepénak.

Bocah iku ora (tampik), apa-apa doyan angger énak.

Aku durung tau (rungu) paribasan iku.

Wong tuwa kaé wis suda (rungu).

Sawisé dipègès legèné (tètès).

(Tètès) iku ditadhahi bumbung.

Legèn iku (godhog), suwé-suwé kenthel.

Kowé apa doyan (godhog) tales?

C. PARIBASAN.

Ukara iki rampungna supaya dadi paribasan!

Ngemut legining

Ana gula ana

Ana dina ana

Ana bapang

Rubuh-rubuh

Amburu uceng kélangan

Angon ulat ngumbar

Kegedhèn empyak kurang

Kakèhan gludhug kurang

D. UKARA UPAMA.

Ukara kang ngemu surasa upama diarani ukara upama utawa sambawa. Ukara ing ngisor iki rampungna supaya dadi ukara sambawa!

Upama aku duwé pangkat luhur

Upama gajah iku duwé elar

Upama éyang sida tindak mréné

Upama ibu sida mundhut pitik

Upama pitikku wis ngendhog

Mungguh kowé sing kuwasa

Mungguh adhimu wis bisa maca

Mungguh endhogé banyakku wis netes

Mungguh aku sugih dhuwit
Mungguh dina iki ora udan

E. *KAWRUH BASA.*

Tembung-tambung kang dicap miring ing ukara-ukara ngisor iki waspadakna. Gantinen tembung liya kang cocog karo ukarané!

Kowé apa wis *uninga* wong ndèrès?
Gula iku rasané *manis*.
Anggoné mènèk teka ing *luhur*.
Puspita krambil jenengé manggar.
Legèn iku dudu *warih*.
Yèn wayah *ratri* ora ana wong ndèrès.
Kepriyé carané wong *karya* gula?
Yèn bengi bumbung iku ora prelu *direksa*.
Cukak iku rasané *amla*.
Sabèn *ari* wong tani olah gula.

F. *NGARANG.*

Ngaranga lan miliha irah-irahan ing ngisor iki!

1. Tiyang ndésa.
2. Ginanipun gendhis.
3. Damel sekar gendhis.
4. Caranipun damel gendhis.
5. Wit klapa.

G. *TEMBANG.*

Dhandhinggula.

Memanisé para *mudha* sami,
jalu èstri *samya marsudia*,
amrih becik *pakartiné*,
aja *seneng kumalungkung*,
ngluhuraken *badan pribadi*.
Mangkono tan *prayoga*,
tartamtu *sinendhu*,
déning sanak lan *mitra*,
wekasané sira *wirang* ing *sesami*,
dinukan ibu rama.

<i>mudha</i>	=	<i>pribadi</i>	=
<i>jalu</i>	=	<i>prayoga</i>	=

samya	=	sinendhu	=
marsudj	=	mitra	=
amrih	=	wirang	=
pakarti	=	sesami	=
badan	=	dinukan	=

H. NULIS JAWA.

Tembang Dhandhanggula piwulang nomer G tulisen nganggo aksara Jawa!

I. WANGSALAN.

Jenang gula, kowé aja lali!
 Putra kethèk, aja munyak-munyak mréné!
 Ngembang tebu, glegas-gleges.
 Jenang séla, apuranta yèn wonten lepat kawula!
 Putra bèbèk, wira-wiri ngalor ngidul.
 Rokok cendhak, neges-neges omonging liyan.
 Gentha dara, sawangané rada bingung.
 Janur gunung, kadingarèn mara mréné.

jenang gula	=
putra kethèk	=
kembang tebu	=
jenang séla	=
putra bèbèk	=
rokok cendhak	=
gentha dara	=
janur gunung	=

J. TEMBUNG LINGGA.

Tembang "tumètès" asané saka tembung "tètès".

Tembang "tumètès" asalé saka tembung

gumandhul	=	gelebyar	=
gumagus	=	kelepyur	=
dumugi	=	selebar	=
binuwang	=	kerelip	=
linebur	=	keretèp	=
linuwih	=	kerethap	=

K. CRITA.

Kowé apa wis tau nonton pabrik gula. Yèn uwis tau coba critaa marang kancamu!

8. Gotong royong



Aku ngreti uripé semut-semut. Kéwan iku cilik menthik, nanging rukuné ora kinira-kira.

Aku tau namataké semut kang lagi padha ngusung pangan. Ana bathang walang nyekangkang, gedhéné sadriji. Wiwitané ana semut ireng siji mara. Sajaké semut iku ngambu-ambu, nuli klépat ajak-ajak kancané. Ora suwé semut atusan cacahé teka. Bathang walang digotong bebarengan, digawa mlebu ngelèng.

Anuju sawiji dina aku nonton semut ngangrang warnané kuning semu abang. Semut iku munggah mudhun ing pucuking godhong. Ora suwé teka manèh lima, nenem, sepuluh, malah kepara luwih. Semut iku padha mlipir urut lingiring godhong, banjur mudhun. Lingir iku kapulet ing ilu kang wujudé kaya benang lembut. Semut-semut iku bareng teka ing lingir godhong liyané padha nggathuk-nggathukaké lingir padha lingir lan kapulet nganggo ilu iku mau. Kira-kira rong jam suwéné dadi omah ngangrang kang cukup kanggo ndhelik sèwu ngangrang cacahé.

Hara apa ora nggumunaké. Kéwan waé rukuné kaya mangkono.

Aku banjur kèlingan rerukunané wong ing padésan. Adat tatacarané uga nggumunaké.

Manawa ana wong arep ngedegaké omah, sanak sadulur, tangga teparo, kadang kawanuhan padha awèh pambiyantu. Rong dina sadurungé padha teka awèh pasumbang. Ana sing nyumbang beras, ana sing nyumbang bakal jangan, ana sing nyumbang bumbon.

Teka dina tempuking gawé wong-wong lanang padha teka nggawa gegaman. Ana sing nggawa arit, ana sing nggawa pethèl, wadung, graji lan sapanunggalané. Nuli nyambut gawé bebarengan.

Wong-wong wadon padha teka ngréwangi olah-olah.

Omah siji ing sajroné loro utawa telung dina wis dadi, kena kanggo manggon.

Urip gotong royong mangkono iku dadi padatan becik ing padésan. Ora mung ngedegaké omah waé, nanging uga manawa ana wong garap sawah, duwé gawé mantu lan liya-liyané.

Wong-wong ing padésan iku katoné seneng, tentrem karta raharja, sayuk rukun, saiyeg saékapraya.

A. NYURASA WACAN.

Bener apa luput ukara-ukara ing ngisor iki yèn koksurasa karo isiné wacan ing dhuwur? Yèn luput benerna!

1. Semut iku rukun karo bangsané.
2. Yèn nyambut gawé abot dilakoni dhéwé.
3. Semut ngangrang iku warnané ijo.
4. Semut ngangrang iku omahé kagawé saka godhong.
5. Semut ngangrang iku gawé omah dhéwé-dhéwé.
6. Wong padésan seneng nyambut gawé gotong royong.
7. Yèn ana wong ngedegaké omah tangga-tanggané ora ana sing réwang-réwang.
8. Kajaba mbantu nyambut gawé tangga-tanggané padha awèh pasumbang.
9. Gotong royong iku cara urip rerukunan sing becik.
10. Wong-wong padésan seneng lan tentrem.

B. NGGANEPI UKARA.

Wong-wong padésan padha seneng *gotong*

Aja kakéhan *solah*

Radèn Gathotkaca satria *gagah*

Mbeneri wulan purnama, langité *padhang*

Bocah sekolah kudu ngreti *tata*

Ing kutha gedhé akèh barang *èdt*
Sato padha golèk pangan.
Bocah-bocah padha mlayu *salang*
Yèn tumandang gawé aja *kebat*

C. TEGESING TEMBUNG.

Tembung-tembung kang dicap miring terangna tegesé!

Rukuné ora *kinira-kira*.
Sajaké semut iku kéwan sing rukun.
Warnané kuning *sulak* abang.
Wiwitané ana semut ireng siji teka.
Semut-semut padha *ngupaya* pangan.
Wong-wong padésan padha *makarya*.
Wong-wong padha golèk sandhang *boga*.
Wong sadésa sayuk rukun, *saéka kapti*.
Ora ana kéwan rukuné *kadi* semut.

D. NGOWAHI TEMBUNG.

Tembung-tembung ing sajroning kurung owahana supaya laras karo ukarané!

Semut-semut bebarengan (usung) pangané.
Pangan iku (usung) menyang elèngé.
Aku tau (tonton) semut ngangrang.
Ing pasar malem akèh (tonton).
Semut-semut (dhelik) ing susuhé.
Bocah-bocah padha dolanan (dhelik).
Tangga teparo padha awèh (sumbang).
Ibu (sumbang) wong duwé gawé mantu.
Wong-wong padha teka, ana sing (gawa) arit.
Jaran iku mèyèk- mèyèk kabotan (gawa).

E. NGRAMPUNGAKE UKARA.

Semut-semut dhampyak-dhampyak arep
Murid-murid bebarengan mlayu arep
Wong-wong padésan menyang sawah arep
Tuti lan Ani ana pawon lagi
Darta lan bapakné ana pandhapa lagi
Kusir andhong iku sajaké lagi
Harda lan Parta klomat-klamet mentas
Bèbèkku kwak- kwèk, sajaké mentas

Pitik iku cethethag-cethetheg, sajaké mentas
Kebo iku gupak endhut, sajaké mentas

F. **NGARANG/CRITA.**

Critakna utawa karangan bab :

1. Uripé semut-semut.
2. Gotong royong.
3. Ngedegagé omah.
4. Dandan-dandan omah.
5. Resik-resik désa.
6. Ramé-ramé mbendung kali.

G. **DHIKTE/NULIS JAWA.**

kinira-kira	ngambu-ambu
pinara-para	ngolan-olan
pinajang-pajang	ngambra-ambra
rinengga-rengga	ngasih-asih
sinuba-suba	ngira-ira

H. **KOSOK BALEN.**

Semut-semut padha *lunga*
Semut ngangrang *mungguh* ing gegodhongan.
Semut ngangrang iku *kurang* sèwu cacahé.
Lara dirasakaké bebarengan.
Barang iku *larang* tukunen kabèh!
Anggoné ngliwet segané *mentah*
Kayu iku ora cetha *bongkot* é.
Aku ora bisa ngira-ira *adoh* é.
Sudagar iku lagi ngétung *tuna* né.
Yèn nyabrang dalan gedhé kudu nolèh *kiwa*

I. **MILIH TEMBUNG.**

nanging; awit; nalika; manawa; sanajan.

..... olèh pangan semut iku ajak-ajak kancané.
Semut iku kéwan cilik, rukuñ karo bangsané.
..... kéwan, semut iku gelem nyambut gawé bebarengan.
..... isih cilik semut iku warnané putih.
Semut-semut iku urip bebarengan, ora bisa urip dhéwé.

banjur; lan; karo; saka; kalihan.

Pak Wangsa nyambut gawé bebarengan tangga.
teparoné.

Sunarni Sutarti sinau ing kamar tengah.

Sawisé padha sinau mapan turu.

Bapak ibu tindak dhateng peken.

Sembah sungkem kula katur ing panjenengan.

J. *TEMBANG.*

Pangkur.

Sekar pangkur kang winarna,
caritané si semut kang taberi,
wiwit énjang ngantos dalu,
ramé-ramé ngupaboga,
ora ngétung sayah kesel ngelak ngélu,
mangkono sadina-dina,
sregep sengkut nambut kardi.

winarna	=	kacarita
taberi	=	sregep
ngupaboga	=	golék pangan
nambut kardi	=	nyambut gawé

K. *TEMBNUG LINGGA.*

Tembung-tembung ing ngisor iki golèkana asalè!

wiwitané	=	bebarengan	=
kancané	=	gegodhongan	=
cacahé	=	rerembugan	=
warnané	=	rerukunan	=
wujudé	=	geguyon	=

9. Ora narima ing pandum

Dongèngé simbah.

Dhèk jaman kuna, aku durung ana, ana wong telu padha pa-
seduluran.

Sing siji pakaryané dadi undhagi. Mulané katelah Karta Undhagi. Sijiné pakaryané dadi jlagra. Mulané katelah Karta Jlagra. Sijiné manèh dadi greji, Mulané katelah Karta Greji.

Anuju sawiji dina wong telu padha rerasan. Tembungé Karta Undhagi : "Aku iki salawasé urip karo kayu. Suwé-suwé jelèh uripku".

Karta Jlagra sumambung : "Aku mengkono uga. Salawasé urip mung karo watu. Suwé-suwé bosen uripku".

Karta Greji mangsuli : "Aku ora béda karo kowé. Saben dina uripku karo gombal, Uripku nganti nggombal, durung tau urip mulya".

Karta Undhagi celathu manèh, tembungé : "Sarèhné awaké dhéwé iki kabawah ing ratu, ayo saiki bebarengan sowan nyuwun kamurahan. Kepriyé supayané awaké dhéwé bisa urip mulya".

Karta Jlagra lan Karta Greji sarujuk. Wong telu nuli mangkat menyang praja, arep sowan Sang Prabu.

Bareng teka ing kraton, kepareng marak ngarsaning Sang Prabu.

Sang Prabu ndangu : "Apa prelumu kowé padha sowan mréné?"

Karta Undhagi matur : "Abdi dalem kawula sowan nyuwun marginipun mulya".

"Urip mulya kepriyé?"

"Abdi dalem kawula kepéngin gesang kados sudagar, sugih emas picis raja brana".

"Kowé wong telu, apa bener mangkono karepmu?"

"Nuwun, inggih makaten", sauré bebarengan.

"Enya, iki dhuwit. Anggonen pawitan dedagangan. Yèn genep sataun padha sowana mréné, aturna kawusanané!"

Wong telu padha nampani dhuwit emas. Cacahé nglimang atus ringgit.

Sawisé iku nuli bali. Wong telu mbudidaya ngundhakaké dhuwit emas iku. Wong telu béda-béda pangalamané, béda-béda nasibé.

Bareng wis genep sataun padha bebarengan sowan Sang Prabu.

Sang Prabu ngandika : "Kepriyé kawusanané dhuwitmu?"

Karta Undhagi matur : "Abdi dalem boten pikantuk bebathèn. Arta gangsal atus ringgit telas kula anggé nedha. Samenika kula trimah dados undhagi kémawon".



Karta Jlagra sumambung : "Abdi dalem boten saged ngginakaken arta pearing panjenengan dalem. Artu gangsal atus ringgit telas kula anggé ngabotohan, awit kula boten saged among dagang. Samenika kula trimah dados jlagra kémawon".

Karta Greji matur : "Abdi dalem kawula makaten ugi. Abdi dalem ajrih ngginakaken arta pearing panjenengan dalem. Samangké arta taksih wetah, amargi namung kula pendhem. Sumangga katur kondur ing panjenengan dalem. Abdi dalem trimah dados greji kémawon".

Sang Prabu ngandika : "Wis kowé padha narimaa ing pandum. Saiki padha balia lan sregepa nyambut gawé kaya samesthiné!"

Wong telu padha mundur, bali nyambut gawé kaya wingi nguni.

A. PITAKONAN.

1. Wacan iku nyritakaké lelakoné wong telu. Sapa jenengé? Apa pagawéané?
2. Sapa sing rerasan dhisik dhéwé?
3. "Salawasku urip mung karo watu". Sapa sing rerasan mangkono?
4. Sapa sing uripé nggombal?

Nyuwun marang sapa?

5. Wong telu padha arep nyuwun kamurahan.
6. Wong telu apa kepareng marak Sang Prabu?
7. Sang Prabu paring apa? Pira akèhé?
8. Bareng wis sataun wong telu iku apa padha urip mulya?
9. Sapa sing dhuwité entèk? Kanggo apa?
10. Sapa sing dhuwité wutuh?

B. NGOWAHI TEMBUNG.

Tembung-tembung kang dikurung ing ukara ngisor iki owahana supaya mathuk karo ukarané!

Anuju sawiji dina wong telu padha (rasa).

Aku ora (rasa) manggon ing kutha.

Madu iku (rasa) legi.

Bocah telu padha (rasa) kancané.

Sirahku (rasa) ngelu.

Wong telu (atur) bebarengan.

Layang iki (atur) marang gurumu!

Serat (atur) ingkang rama.

Bocah iku ora ngreti (atur).

Eyangmu (atur) tindak mréné!

C. TEMBUNG KRAMA.

Tembung-tembung kang dicap miring tulisen, banjur terangna ngokoné!

Karta Greji trima *dados* greji.

Hastuti saweg *dandos* badhé dhateng peken.

Tiyang menika *ngupados* tedha.

Sinten ingkang *lados*?

Samangké arta kula taksih *wetah*.

Kula badhé panjenengan *segah* menapa?

Dhusun ngriki radi *resah*, kathah pandung.

Griya menika taksih *kekah*.

Sang Prabu *ndangu* tiyang tiga.

Anggènipun késah ngantos *dangu*.

D. KOSOK BALEN.

urip mulya X urip

angka genep X angka

lemah cengkar X lemah

bocah sabar	X bocah
jaman kuna	X jaman
barang cuwèr	X barang
sega akas	X sega
dalan rata	X dalan
budi luhur	X budi
kéwan ingon	X kéwan

E. *TEMBUNG KAWI.*

Tembung sisih kiwa golèkana jodhoné ing sisih tengen!

karya	—	mlaku
néndra	—	ratu
lumaksana	—	gawé
mijil	—	bapa
narpati	—	туру
wardaya	—	ibu
siswa	—	ati
dwija	—	murid
yayah	—	guru
réna	—	metu

F. *DHIKTE / NYEMAK.*

paseduluran; pakaryané; katelah; rerasan; salawasé;
sumambung; nggombal; sarèhné; bebarengan; kamurahan
supayané; sarujuk; kepéngin; dedagangan; kawusanané;
pawitan; mbudidaya; pikantuk; bebathèn; ngabotohan;
kémawon; samangké; sumangga; katur; narima.

G. *KAWRUH BASA.*

Kowé apa wis tau krungu tembung ?
raja; lurah; demang; ulu-ulu; kebayan; kamituwa;
carik; patih; bupati; nayaka; wadana; panèwu?

H. *NULIS JAWA.*

gelem	reja	prelu	kriya
lemu	arep	kretu	priya
pulen	merem	sreban	ngriku
ulet	bureng	dremba	bribil
salep	cureg	tresna	srinthil

I. *TEMBANG.*

SINOM.

Para anom ngawruhana,
samubarang tindak sisip,
dora cidra singkirana,
amrih rahayuning dhiri.
Lan manèh lamun angling,
aja agé-agé muwus,
pikiren mrih raharja,
rinasaa jroning ati,
duga-duga ywa karya sriking sasama.

sisip	=	luput	nuwus	=	celathu; kandha
dora	=	ala	raharja	=	becik
cidra	=	goroh	ywa	=	aja
amrih	=	supaya	serik	=	lara ati
rahayu	=	slamet; becik	sasama	=	pepadha
lamun	=	yèn	angling	=	celathu; guneman

10. *Esuk dhele sore tempe*

Paribasan iku nyemoni wong kang méncla-ménclé gunemé. Esuk saguh, soréné njabel kasaguhané. Gunem saiki béda karo gunem mengko. Watak mangkono iku ora becik.

Saiki sing dak rembug dudu bab paribasan iku, nanging bab dhelé. Kowé wis ngreti ta wujudé dhelé utawa kedhelé? Sangretiku kedhelé iku ana warna loro. Dhelé ireng lan dhelé putih.

Yèn kepéngin nandur kedhelé gampang. Sing lumrah mung di-sebar ing sawah kang pariné mentas dienèni.

Déné carané mangkéné : Sawisé pari dienèni, damèné dierit utawa dirubuhaké. Urut pinggir lan tengah digawé paliran. Paliran yaiku kalènan cilik kanggo ngesat banyu, awit wit kedhelé ora seneng kembong banyu. Yèn kembong banyu gampang layu.

Sawisé banyuné asat lagi disebari wiji kedhelé. Yèn wis sawatara dina kedhelé iku thukul. Sadurungé tuwuh lan agodhong loro utawa telung lembar becik ditunggu, awit kadhang kala diteba manuk.

Sawisé katon ijo royo-royo rabukana. Rabuké awu utawa mendhil wedhus.

Kedhelé uga lumrah ditandur ing tegalan. Carané béda karo yèn katandur ing sawah. Sadurungé kudu gawé clowokan dhisik. Piranti kanggo gawé clowokan jenengé panja. Wujudé mèmper tumbak kayu.

Clowokan iku diisi wiji kedhelé loro utawa telung elas. Supaya ora dicucuki manuk utawa pitik becik diurug Temah sathithik.

Sawisé iku kari nunggu wetuné. Mung waé yèn suketé lemu prayoga didhangir lan dirabuk. Gampang ta, carané wong nandur kedhelé iku?

Kedhelé iku gedhé pédahé. Kena digawé témpé, tahu, kécap, taoco. Pèyèk kedhelé uga énak. Kanggo sambel geplang jaré iya énak. Malah saiki ana pabrik sing gawé powan tiron nganggo kedhelé uga.

Ayo padha nandur kedhelé kanggo wuwuh-wuwuh tambah butuh. Nanging aja ngugemi paribasan : Esuk dhelé, soré témpé!

A. PITAKONAN.

1. Paribasan iku uniné kepriyé? Nyemoni sapa?
2. Watak mangkono iku apa becik?
3. Kedhelé iku ana warna pira?
4. Lumrahé ditandur ing endi?
5. Paliran iku apa? Apa gunané?
6. Supaya lemu tanduran kedhelé kudu karabuk. Apa bener? Apa rabuké?
7. Wiji kedhelé uga sok ditandur ing endi?
8. Apa mungsuhé tanduran kedhelé iku?
9. Kedhelé iku kena kanggo gawé apa?
10. Nandur kedhelé kena kanggo tambah butuh. Apa sebabé?

B. NGOWAHI TEMBUNG.

Tembung-tembung kang dikurung ing ukara iki owahana salaras karo ukarané!

Paribasan iku (semu) wong kang mēncla-mēnclé.

Bareng dijak jajan kancané (semu) isin.

Kepriyé carane wong (tandur) kedhelé?

Uler iku uga ngrusakaké (tandur) kedhelé.

Wiji kedhelé (sebar) ing sawah kang tanpa banyu.

Ama kedhelé (sebar) mrana-mrana.

Kedhelé kena (gawé) témpé lan tahu.

Nyingkirana (gawé) ala!
Kedhelé uga (anggo) gawé powan tiron.
(Anggo) klambi bathik lan kathok bathik.

C. *BASA KRAMA.*

Piwulang nomer B ing dhuwur garapen lan salinana basa krama!

D. *DHIKTE.*

méncla-ménclé	wira-wiri
pringas-pringis	konthal-kanthil
cléwa-cléwo	mobat-mabit
klomat-klamet	thingak-thinguk
klelar-kleler	ijlag-ijlig
kresag-kreseg	ceblang-ceblung

E. *NGRACIK UKARA.*

Gawéa ukara nganggo tembung-tembung ing piwulang nomer D kasebut dhuwur!

T u l a d h a : Gunemé méncla-ménclé.
Bareng dijiwit pringas-pringis.

F. *PARIBASAN.*

Rampungna supaya dadi paribasan!

Esuk dhelé, soré
Rawé-rawé rantas, malang-malang
Kulak warta, adol
Katépang ngrangsang
Nguthik-uthik macan
Ngubak-ubak banyu
Kempladhéan ngajak
Suduk gunting tatu
Endhas gundhul
Cébol nggayuh

gunung; sempal; témpé; loro; lintang; prungon; putung;
bening; dikepeti; dhelé.

G. *NULIS JAWA.*

Piwulang nomer F kasebut dhuwur sawisé diisi tulisen

H. *NGGANEPI UKARA:*

- Pak Karta njabel
- Yamadipati jaré gawéné njabut
- Radèn Gathutkaca mothol
- Sudarna mentas mothèl
- Bareng mambu telèk banjur mithes
- Pak Harja lagi mbedholi
- Bareng weruh pangan aku ngulu
- Harsini arep methik
- Karsana mentas munthes
- Maling iku gawéné mbedhog

I. *KAWRUH BASA.*

- | | |
|---------------------|--------------------|
| powan <i>tiron</i> | bayar <i>sasèn</i> |
| kéwan <i>buron</i> | duwé <i>impèn</i> |
| pitik <i>ingon</i> | banyu <i>kalèn</i> |
| anak <i>pupon</i> | bocah <i>kerèn</i> |
| panèn <i>gadhon</i> | wong <i>lalèn</i> |

Tembung-tembung sing dicap miring golèkana asalé!

J. *NGARANG.*

Ngaranga bab :

- a. Carané gawé témpé.
- b. Carané gawé tahu.
- c. Carané nandur jagung.
- d. Carané nandur pari.
- e. Carané nandur kacang.

K. *NGRAMPUNGAKE UKARA.*

- Clowokan isi wiji kedhelé iku urugana lemah *supaya*
- Thukulan kedhelé iku rabukana *supaya*
- Urut pinggir wènèhana kalèn *supaya*
- Suket sakiwa tengené tanduran bubutana *supaya*
- Uleré patènana *supaya*
- Supaya* lemu tanduran kudu
- Supaya* ora bosok kedhelé iku kudu
- Supaya* ora layu banyu ing sawah kudu
- Supaya* énak kedhelé iku kudu
- Supaya* dadi témpé kedhelé iku kudu

L. CRITA.

Wacan ing dhuwur wacanen sapisan manèh. Yèn wis rampung banjur critakna marang kanca-kancamu lan migunakna basa krama!

11. Rukun agawé santosa, Crah agawé bubrah



Saabad kepungkur, Ki Yasaçipura, pujangga ing Surakarta crita mangkéné :

Ana alas gung liwang-liwung, wit-witané gedhé-gedhé. Prasasat rina lan wengi padha waé, awit padha petengé déning rerungkudané.

Kacarita ing alas kono akèh macané. Macan-macan seneng lan tentrem uripé, awit ora ana sing ngganggu gawé. Ora tau ana grema nyasak mrono, awit wedi.

Kosok baliné alas uga seneng, awit ora ana manungsa sing wani ngrusak tetandurané.

Anuju sawiji dina alas rerasan, ngunandika mangkéné : "Supama ora ana aku, kabèh sato kéwan ing kéné mesthi mati. Grema mesthi teka mbedhili macan. Wong-wong padésan padha teka

numbaki cèlèng lan menjangan. Ewa semono durung tau kéwan-kéwan iku awèh panarima marang aku. Malah padha pating glero pating glembor, swarané mbrebegi kuping”.

Ratuning macan krungu, nuli celathu : “Anèh kandhamu iku alas, ngabangaké kupingku. Embok aja kegedhèn rumangsa. Saupama ora ana aku lan bangsaku, kiraku alas iki wis rusak biyèn-biyèn. Wong-wong padésan mesthi mréné mbabadi alas iki kanggo padhukuhan. Kayu-kayuné diobong kabèh, wasana sirna”.

Alas mangsuli sentak : “Hé, macan. Degsura kandhamu. Kaya-kaya ora ana gunané aku memitran karo bangsamu. Ayuh, lungaa saka alàs kéné. Bangsamu jaken kabèh!”

Ratuning macan serik atiné. Bareng teka ing krajané nuli ajak-ajak sakabèhing macan lunga saka ing alas kono. Kéwan-kéwan liyané uga mèlu, ngumbara ing padésan. Alas dadi sepi mamring.

Wong-wong padésan padha ramé-ramé mbedhili macan, numbak cèlèng lan buron liyané. Macan lan cèlèng mati dadi iwak dhèndhèng.

Saiki wong-wong padésan padha seneng-seneng mbabadi alas. Kayu-kayu ditegori kanggo kayu obong diedol menyang kutha. Suwé-suwé alas dadi gundhul. Sing tuwuh kari suket lan gegrum-bulan cilik-cilik.

Mangkono, critané Ki Pujangga.

A. NYURASA WACAN.

Wacan ing dhuwur surasanen, yèn uwis ukara-ukara ing ngisor iki bener apa luput surasané. Yèn luput benerna!

1. Wacan iku karangané pujangga kang asma Ki Yasadipura.
2. Pujangga kasebut asal saka Surabaya.
3. Wacan iku isi critané alas lan singa.
4. Alas kang kacrita iku gedhé banget.
5. Wiwitané macan seneng urip ana ing alas kono.
6. Wiwitané alas sengit marang macan.
7. Ora suwé alas lan macan cecongkrahan.
8. Alas rumangsa ngayomi macan.
9. Macan lara atiné, nanging ora gelem lunga saka alas kono.
10. Wasananing carita, alasé rusak, macan-macan isih padha urip.

B. NGOWAHI TEMBUNG.

Tembung-tembung kang dikurung ing ngisor iki owahana. Wènèhana ater-ater ka- utawa ke- lan panambang -en!

Si alas (gedhé) rumangsa.
Anggoné ndhudhuk luwangan (jero).
Gambaranmu (apik).
Wènterané (abang).
Taliné (dawa).
Anggoné ngukur dalan (kidul).
Anggoné nggodhog téla (mateng).
Anggoné nganji mori (kaku).
Anggoné nggulani jangan (legi).
Anggonku mangan sega (wareg).

C. *NGRAMPUNGAKE UKARA.*

Pujangga ngarang
Sarinah ngroncé
Bu Suma ngracik
Pak Darma njilid
Pak Sura nragum
Pak Karta ngirat
Pak Sasra ngebyok
Hartana ngikal
Yu Minah mulung
Parmana mbrongsong

D. *KAWRUH BASA.*

Ukara-ukara ing ngisor iki surasanen. Bener apa luput.
Yèn luput benerna lan terangna luputé!

Grema iku gawéné mbabadi alas.
Pujangga iku gawéné kirim layang.
Jlagra iku tukang gawé dandang, wajan lan kendhil.
Mranggi iku tukang gawé bala pecah.
Greji iku bakul kathok lan klambi.
Gemblak iku tukang cukur.
Srati iku tukang ngrumat jaran.
Gamel iku tukang ngrumat gajah.
Pakathik iku wong kang gawéné nimba.
Nujum iku wong kang gawéné nambani wong lara édan.

E. *DHIKTE/NULIS JAWA.*

rerungkudan

bebandan

memitran

kekudangan

rerasan	thethukulan
gegrumbulan	kekancan
kekembangan	tetembungan

F. MILIH TEMBUNG.

Pilihèn tembung kang cocog karo ukarané!

- Grema (mbedhili; mbedhil) kéwan-kéwan galak.
- Pak tani (nanduri; nandur) wiji pari.
- Ula (mara; marani) gitik.
- Wong-wong padésan (mbabad; mbabadi) tetanduran ing alas.
- Swarané (mbrebegi; mbrebeg) kuping.
- Alas (mangsuli; mangsulaké) sentak.
- Wong-wong (negori; negoraké) kayu-kayu.
- Murid-murid (ngrungoni; ngrungokaké) wulangan.
- Celathuné (ngabangi; ngabangaké) kuping.
- Cengkiré (nibani; nibakaké) gendhèng.

G. TEMBUNG TUNGGAL TEGES.

Tembung-tembung kang dicap miring gantinen tembung liya kang padha tegesé!

- Rina* lan wengi padha waé petengé.
- Alas lan macan padha *memitran*.
- Macan-macan iku ora duwé *ratu*.
- Pujangga pinter *nganggit* crita.
- Ing kéné ora ana *sato* alasan.
- Kandhané si alas *aèng*.
- Kéwan-kéwan padha *ngumbara* ing padésan.
- Wong-wong padésan padha *mburu* kéwan iku.
- Macan lan cèlèng padha *palastra*.

H. TEMBUNG KAWI.

Tembung-tembung ing ngisor iki araning kéwan. Gantinen tembung jeneng kéwan kang lumrah keprungu!

turangga	=	wanara	=
maésa	=	kuda	=
èsthi	=	mina	=
andaka	=	sarpa	=
kukila	=	kaga	=

12. Kasarasan langkung pangaos katimbang emas



Sesorahé Mantri Kasarasan :

Sadhèrèk-sadhèrèk, kasarasan menika ageng aosipun. Sanajan sugih bandha bandhu, manawi badan boten saras, gesangipun susah. Wonten tiyang cariyos, sakit menika sekaring pejah.

Mila tiyang kedah resikan supados boten katrajang sesakit. Supados boten gampil katrajang sesakit tiyang kedah jagi-jagi. *Sapisan*, tiyang kedah njagi bab tedha. Tedha ingkang badhé kadhahar kedah resik tur saé. Tetedhan mambet utawi wayu tuwin wowohan enèm gampil nuwuhaken sesakit.

Kaping kalih, tiyang kedah njagi griya. Griya kedah resik tur padhang. Griya ingkang peteng, sawangipun pating grancang, uwuhipun ngundhung-undhung temtu dados susuhing sesakit. Tiyang ingkang manggèn ing ngriku temtu tansah boten saras, sesakiten. Laré ingkang manggèn tansah nandhang watuk, pileg. Mila griya kedah mawi jendhela, supados angsal sunaring surya, hawa saged gilir gumantos, tansah resik.

Kaping tiga, tiyang kedah njagi latar tuwin pakarangan. Latar kedah tansah resik, sampun ngantos nandheg uwuh. Uwuh bosok

dados susuhing wiji sesakit. Menawi laler méncok ing ngriku wiji sesakit katut ing suku laler. Mangka laler menika seneng méncok ing tetedhan. Kados pundi upami tetedhan menika lajeng mlebet weteng?

Pakarangan ugi kedah resik, sampun ngantos wonten toya mambeg, mindhak kanggé nigan lemut malaria.

Kaping sakawan, tiyang sampun ngantos bebucal saenggèn-enggèn. Kakus kedah katutup rapet, supados boten kasaba laler, tur ambetipun boten ngambra-ambra.

Tiyang sesakiten boten badhé saged nyambut damel. Saupami tiyang sugih dangu-dangu badhé telas bandhanipun, katedha tuwin kanggé nyekapi betah sanèsipun.

Para sadhèrèk, mugi anggatosna kasarasan panjenengan. Kasarasan langkung pangaos katimbang emas.

A. PITAKON.

1. Wacan iku isi sesorahé sapa?
2. Kasarasan karo bandha aji endi?
3. Supaya ora ketrajang lelara awaké dhéwé kudu kepriyé?
4. Apa prelu awaké dhéwé njaga pangan?
5. Apa preluné omah kudu tansah resik?
6. Omah kang peteng ora becik.
Apa sababé?
7. Omah kudu duwé jendhéla.
Apa gunané jendhéla iku?
8. Généa awaké dhéwé ora kena nandheg uwuh?
9. Banyu ora kena mambeg ing pakarangan.
Apa sababé mangkono?
10. Kakus kudu katutup rapet.
Apa pamrihé?

B. NGOWAHI TEMBUNG.

Tembung "sakit" dadi "sasakit" utawa "sesakit". Tembung iku dirangkep wandané kang ngarep. Coba tembung-tembung ing ngisor iki uga owahana kaya tuladha kasebut!

Kathah tiyang sami (sabin).

Tiyang-tiyang ing dhusun ngriku seneng (dana).

Pak Wangsa (griya) ing pinggir lèpèn.

Pak Lurah (dalem) ing dhusun Gadhingreja.

Sami tresnaa dhateng (sami)!

Bima uga (parab) Harya Wrekodara.
 Yèn mangsa badhidhing wong-wong padha (geni).
 Manuk branjangan (kejer) ing awang-awang.
 Wis awan kok isih (kemul).
 Embah Darma dadi (tuwa) ing désa kéné.

C. *KAWRUH BASA.*

Tembung-tembung kang kaecap miring terangna tegesé!
 Kasarasan menika ageng *aosipun*.
 Prajurit-prajurit sami mandhi *waos*.
 Laré menika *kraos* sakit.
 Adhik kula sampun saged *maos* serat kabar.
 Manawi njogèd kula *dados* Wéjaséna.
 Babon menika *gumatos* dhateng anak-anakipun.
 Kardiman saweg *dandos* badhé dhateng peken.
 Napa samang empun tumbas *mrios*?
 Kula naté mireng *cariyos* uthak-uthak ugel.
 Bapak mentas gerah *waos*.

D. *TEMBUNG LINGGA.*

Tembung "kadhahar" linggané "dhahar".
 Tembung-tembung ing ngisor iki golèkana linggané!

<i>gesangipun</i> linggané	<i>mencok</i> linggané
<i>resikan</i> linggané	<i>kanggé</i> linggané
<i>njagi</i> linggané	<i>kabucal</i> linggané
<i>mambet</i> linggané	<i>kabucal</i> linggané
<i>tetedhan</i> linggané	<i>kasarasan</i> linggané

E. *DHIKTE/NYEMAK.*

pangaos; sesorah; bandha-bandhu; saras; gampil; mambet;
 wayu; sawangipun; granceng; ngundhung-undhung; sunaring
 surya; gilir gumantos; nandheg; mambeg; bebucal; ngambra-
 ambra; anggatosna.

F. *NGARANG/CRITA.*

1. Resikan.
2. Resik-resik omah.
3. Adhiku lara.
4. Tilik wong lara.
5. Eyang kula gerah.

G. NGRACIK UKARA.

Gawéa ukara nganggo tembung :

ngundhung-undhung	ngumbruk-umbruk
kimplah-kimplah	ngaluk-aluk
munthuk-munthuk	nyamut-nyamut
membleg-membleg	ngambra-ambra

H. KAWRUH BASA.

Sekar menika ngokonipun

Sekar gendhis namaning

Sekar kedhaton sesebatan kanggé

Sekar Wijayakusuma namaning

Kembang waru menika namaning

Kembang telon inggih menika

Kembang api menika namaning

Kembang pilang namaning

Kembang pathèk inggih menika

Kembang asem menika namaning

NULIS JAWA.

Tulisen nganggo aksara Jawa. Endi sing kena ditulis nganggo aksara murda?

Bathara Kresna.

Prabu Baladéwa.

Kangjeng Sultan Agung.

Pangéran Adipati Anom.

13. Ngréwangi apa ngrusuhi?

Ciit, ciit Dèn Baggusé nunggang pit. Macak mlithit, kopat-kapit.

Hara, para maos, tak kira priksa, sapa sing diparabi Dèn Bagusé?



Angger wong ngreti. angger omah dadi dalemé Dèn Bagusé iku.

Priyayiné mono katoné ndemenakaké. Lembah manah, merak ati. Mung mbeleré sing sok gawé mangkel lan gemes.

Luwih-luwih yèn ndeleng wandané.

Irungé mbangir, brengosé crapang, nganti kaya brengosé Harya Wéjaséna satria ing Jodhipati. Kuduné angger wong tresna lan kepéncut marang dhèwèké. Nanging malah kosok balèn. Sapa sing weruh énggal nyekel gebug, kepéngin menthung sirahé.

Saupama bebudèné becik kena kanggo kanca tunggu omah. Nanging kocapa, apa waé sing kelalèn anggoné nyimpen mesthi dadi rejekiné. Krambil dikrikiti, sega diinyak-inyak. Luwih-luwih yèn ana dhèndhèng lali ora dientas, gèwel, gèwel, dimangsa ora tawa-tawa, entèk tanpa sisa.

Hara, sapa satemené iku? Ora liya Dèn Bagus Tikus, sing awatak kumenthus, ora pecus, ora urus

Delengen lagaké yèn ana ing omahmu. Rumangsané rak kaya sing duwé omah. Wira-wiri, mrana-mréné kepénak waé. Baris ngulon, baris mangétan kaya prajurit njaga prajané. Yèn wis sayah banjur mlebu lumbung mangan pari. Kadhang kala banjur mbukak lemari mangan sega utawa roti. Sapa sing ora gething marang dhèwèké?

Katoné ngréwangi, nyatané ngrusuhi. Rak iya ta?

A. PITAKONAN.

1. Sapa sing diparabi Dèn Bagusé?
2. Tikus iku katoné kepriyé?
3. Apa angger wong seneng marang tikus?
4. Tikus mbeler.
Apa buktiné?
5. Angger wong sing weruh kepéngin menthung.
Apa sababé?

6. Tikus iku gawéné ngrikiti apa?
7. Yèn ana dhèndhèng lali anggoné ngentas kepriyé?
8. Kepriyé lagaké si tikus iku?
9. Tikus iku seneng mlebu lumbung.

Apa preluné?

10. Tikus dadi réwang apa mungsuh tumrap manungsa?

B.. NGOWAHI TEMBUNG.

Tembung-tembung sing dicap miring owahana salaras karo ukarané!

Sapa sing *parab* Dèn Bagusé?

Harya Wéjaséna uga *parab* Wrekodara.

Sariman iku *parab* si Kuncung.

Tikus iku *ton* ndemenakaké.

Ing pasar malem akèh *ton*.

Aku durung tau *ton* ana gedhang awoh gori.

Deleng lagaké tikus kaé!

Sirahku mumet, *deleng* buyer.

Tontonan iku ora pantes *deleng* ing wong akèh.

Anggoné *deleng* nganti mantheleng.

C. KOSOK BALEN.

irungé mbangir	X	irungé
ora tresna	X	ora
bocah temen	X	bocah
bocah ngebrèh	X	bocah
bocah demenakaké	X	bocah
bocah andhap asor	X	bocah
bocah ambek siya	X	bocah
bocah kemproh	X	bocah
bocah cingèng	X	bocah

D. NULIS JAWA.

ngréwangi	mbeler
ngrusuhi	mbangir
ngrusakaké	mbagusi
ngregedi	nggebugi
ngrasakaké	ngguyokaké

E. *NGISI UKARA.*

Titik-titik ing ukara iki isènana tembung kang mathuk karo ukarané!

- Tikus lan bajing iku gawéné krambil.
- Aku weruh ula lagi precil.
- Delengen kaé, ana cecak lemut.
- Yèn bengi akèh kalong pelem.
- Asu iku gawéné legèn.
- Asu iku pinter laler.
- Manuk glathik iku pinter gabah.
- Dhèk wingi ana baya pitik kèli.
- Mau ana manuk cangak iwak.
- Macan iku gawéné cempé.

F. *KAWRUH BASA.*

Sesebutan "Radèn Bagus" sok dicekak "RB". Terangna cekakan ing ngisor iki!

Rr; RA; RM; Rng; RMNg; RNgt; RT; RP; KRT; BRA; BRM; KGPAA.

G. *KAWRUH BASA.*

Ganepana!

..... mbangir ndungis
..... njedhir cēko
..... crapang kithing
..... sempug pithet
..... tépos nonong
..... blalak-blalak bèkèl
..... mingir-mingir bodong
..... dhileng kempot
..... pécé manyul

H. *NGRACIK UKARA.*


Gawéa ukara nganggo tembung :

luwih-luwih	gedheg-gedheg
seneng-seneng	liyer-liyer
rengeng-rengeng	lenger-lenger
kipa-kipa	merem-merem
dheleg-dheleg	kethip-kethip

I. NGARANG.

- Ngaranga bab : tikus, bajing, trewèlu utawa marmut!
- Iku kalebu bangsané apa?
 - Iku kéwan kang migunani apa ora?
 - Lan sapanunggalané.

14. Mula bukané kucing mungsuhan karo tikus



Dongèngé simbah.

Dhèk jaman biyèn, ana wong désa duwé ingon-ingon jaran, asu lan kucing.

Yèn dina Paing wong désa iku dodolan pametuning kebon menyang pasar. Pametuning kebon iku, kaya ta : krambil, gori, kluwih lan sukun.

Anggoné nggawa dimot ing dhokar. Dhokar iku digèrèd déning wong désa iku dhéwé.

Anuju sawiji dina wong désa iku arep menyang pasar. Dumadakan sikilé midak beling, dadi ora bisa nggèrèd dhokaré.

Wong désa marani jaran, celathuné : "Hé, jaran. Kowé iku gawému mung turu, mangan lan ngombé. Aku tulungana, gèrèdna dhokar iki menyang pasar!"

Jaran mangsuli : "Bandara, kula boten purun. Ratu kula ngawisi bangsa kula nyambut damel awrat".

"Apa bener kandhamu?"

"Leres. Manawi boten pitados kula gadhah serat saking ratu kula".

"Endi layangé?"

"Wingi dipun sambut segawon".

Wong désa marani asu, banjur takon : "Asu, apa bener kowé nyilih layangé jaran?"

"Inggih leres, nanging samenika dipun bekta kucing".

Wong désa marani kucing, banjur takon : "Kucing, apa bener kowé nggawa layangé asu?"

"Inggih leres. Kula simpen wonten nginggil lemantun".

"Endi, jpuken!"

Kucing munggah lemari, weruh ana tikus lagi nyacah layang. Tikus digetak, mlayu njranthal.

Kucing njupuk layang sing wis ajur mumur, banjur dicaosaké bendarané.

"Bendara, menika seratipun".

Wong désa muring-muring, awit layangé rowak-rawèk. Nuli celathu marang jaran : "Jaran, layang saka ratumu wis ora kena diwaca, awit dicacah déning tikus. Wiwit dina iki kowé kudu nyambut gawé lan kudu gelem nggèrèd dhokar lan sapanunggalané!"

Jaran gething marang asu, awit asu dikira sing luput. Asu gething marang kucing, awit kucing dikira sing luput. Kucing gething marang tikus. Angger tikus katon sanalika dioyak, yèn kecandhak dicacah-cacah, dimangsa dagingé.

A. PITAKONAN.

1. Wacan iku isi dongèngé sapa?
2. Dongèng bab apa?
3. Wong désa iku ngingu apa?
4. Wong désa iku duwé pametu apa?
5. Anuju sawiji dina wong désa iku arep menyang endi?
Arep adol apa?
6. Généa wong désa iku ora bisa nggèrèd dhokaré?
Banjur njaluk tulung sapa?
7. Jaran ora gelem nggèrèd dhokar.
Apa santolané?
8. Jaran iku duwé layang.
Saka sapa layang iku?

9. Layang iku disimpen ing dhuwur lemari.
Sapa sing nyimpen?
10. Layang iku rusak.
Apa sababé?

B. KRAMA NGOKO.

Tembung-tembung sing dicap miring golèkana tembung ngokoné!

Ratu kula *ngawisi* bangsa kula nyambut damel awrat.

Griya kula ing *Kawisnangka*.

Siwa mentas tumbas *pakawisan*.

Kula mentas saking kitha *Semawis*.

Reginipun *udakawis* Rp. 500,—.

Kula *ngawis* Rp. 400,—.

Gelang menika *pangawis* Rp. 2.000,—

Seratanipun boten *katawis*.

Tebhipun *watawis* kalih pal.

Rawisipun kandel tur ketel.

C. PARIBASAN.

Ukara-ukara ing ngisor iki rampungna supaya dadi paribasan!

Désa mawa cara, nagara mawa

Dhandhang diunèkaké

Diwènèhi ati ngrogoh

Kriwikan dadi

Kekudhung walulang

Kandhang langit kemul

Gupak pulut ora mangan

Golèk uceng kélangan

Ora ana kukus tanpa

Nabok nyilih

D. KOSOK BALEN.

Jaran iku kéwan *ingon*, dudu kéwan

Tetanèn iku gawéan *baku*, dudu gawéan

Anggoné mangan *diuja*, ora tau

Kowé mesthi *mblénjani* janji, ora tau janjimu.

Yèn tumandang gawé sing *ngati-ati*, aja
Sing jagong temantèn lungguhé *léséhan*, ora
Sapuné sèlèhna ing papan sing *adhakan*, aja papan sing
Sumini bocah *gapyak*, adhiné
Dhuwité kabèh *tumanja* ora ana sing
Aja seneng *ngrusuhi* wong nyambut gawé, luwih becik

E. NGOWAHI TEMBUNG.

Tembung-tembung kang dicap miring owahana salaras karo ukarané!

Wong iku kudu dhemen *tulung* marang sapattha-padha.
Bocah sing klelep iku tujuné *tulung*.
Dhokter iku awèh *tulung* marang wong kang nandhang lara.
Jaré *tulung*, malah menthung.
Aku *tulung*, gèrèdna dhokar iki!
Kepriyé *takon* marang jaran?
Tikus lan kucing ora bisa *takon*.
Aku ora ngreti, *takon* sing ngguyang jaran!
Sing ngguyang jaran *takon*, nanging ora wangsulan.
Sawisé kepethuk nuli padha *takon*.

F. NULIS JAWA:

Jaran képang	Kucing kembang asem
Jaran dhawuk	Kucing debog bosok
Tikus wirog	Jaran kembang durèn

G. NGGANEPI UKARA.

Kepriyé *mula* kucing mungsuhan karo tikus?
Wis suwé wong iku anggoné nandhang *lara*
Pak Tani nyambut gawé kaya *adat*
Tindak é ora nyenengaké wong akèh.
Anggoné tiba nganti *nungsang*
Anggoné madhahi beras aja *campur*
Wong sadésa padha *sayuk*
Désa kéné tentrem, ora ana *colong*
Brandhal-brandhal padha *njarah* ing kutha gedhé.
Yèn mangan becik nganggo *duga*

H. NGRACIK UKARA.

Gawéa ukara nganggo tembung :
rowak-rawèk solan-salin

bopak-bèpèk
mongan-mèngèn
loran-lèrèn
konyal-kanyil

konthal-kanthil
nolah-nolèh
klélat-klèlèt
kompal-kampul

I. UKARA PAKON.

Pilihèn tembung kang mathuk kanggo ngganepi ukara pakon ing ngisor iki!

Aku (jupuken; jupukna) layang sing ana ing lemari!
Adhimu (gawénen; gawèkna) layangan!
Layang iki (wacanen; wacakna) sing sora!
Kakangmu (undangan; undangna)!
Kucingé (cekelen, cekelna) siji!
Jarané (pakakna; pakanana) suket!
Gawané (momotna; momoten) ing dhokar!
Kendhiné (isèkna; isènana) banyu tawa!
Bukuné (gambarana; gambarana) kucing!
Adhimu (kandhakna; kandhanana) ibumu!

J. NGARANG/CRITA.

Ngaranga utawa critaa bab gunané jaran!

- a. Jaran iku kéwan sing kepriyé?
- b. Apa gunané?
- c. Jaran iku apa waé jenengé?
- d. Kepriyé pangrumaté?
- e. Lan sapanunggalané.

15. LAYANG

Layang kanthi pandonga slamet marang putuku Abimanyu, siswa Purwawiyata ing Paguron Sokalima.

Wiyosé, kulup. Aku wis nampa kintaka saka jeneng sira, nyaritakaké manawa jeneng sira munggah kelas paguronira. Wus wasis olah kridhaning perang, trampil olah gegaman lan putus sawarnaning ngèlmu panah. Aku mèlu bungah, déné jeneng sira dadi bocah kang tumemen pasinaoné.

Welingku, kulup. Sawisé jeneng sira dadi bocah wasis, pepak sawarnaning kawruh, aja banjur kumalungkung. Luwih becik

andhap asor. Aja ngedir-edirké kapinteranmu. Sapa sing gumedhé pratandhané iku wong cilik. Sapa sing kuminter, pratandhané iku wong bodho. Sapa sing kumingsun iku pratandhané wong cupet ing budi.

Kulup, bocah bagus. Sawisé tamat paguronira, aja banjur mandheg samono. Kawruh iku ora ana entèké. Banjurna anggonmu ngudi kawruh. Golèka guru kang luwih luhur. Ngupayaa pamulangan kang luwih jembar. Jeneng sira isih mudha, durung wayahé nyekel praja.

Kulup Abimanyu. Ora kendhat puji dongaku. Muga-muga anggonmu sinau piningan gangsar, énggal mundhak-mundhak kapinteranmu, wuwuh-wuwuh kawruhmu.

Sumurupa kulup. Wong ngudi kawruh iku abot lakuné. Kudu kanthi temen, tegen, muga lan rigen. Apa manèh titi, tata lan tlatèn, karo déné tetep lan mantep.

Wasana, muga-muga kabèh kaparingana widada, kecekel apa kang kasedya.

Ngukiratawu, 14 Rejeb 1906.

Embahmu

Ajar Pandhudéwanata

A. PITAKONAN.

1. Layang iku saka sapa marang sapa?
2. Dhèk kapan anggoné nulis?
3. Abimanyu iku pernah apané?
4. Abimanyu maguru ing endi?
5. Abimanyu wis pinter apa?
6. Watak kumalungkung iku apa becik?
7. Watak andhap asor iku apa becik?
8. Ajar iku ngendi pratapané?
9. Wong ngudi kawruh kudu kepriyé?
10. Kapriyé pamujiné Ki Ajar marang putuné?

B. NGOWAHI TEMBUNG.

Tembung-tembung kang dicap miring owahana salaras karo ukarané!

Aku wis *tanpa* layangmu nalika tanggal patbelas kepungkur.
Dhuwit iki *tampa* marang adhimu!
Yèn *tampa* barang kudu nganggo tangan tengen.
Sapa sing *gedhé* iku pratandhané wong cilik.

Gedhé empyak kurang cagak.
Yèn dadi gedhé aja umuk!
Surup kulup, wong sinau iku kudu sregep!
Jaré sok ana wong surup sétan, aku ora ngandel.
Sapa sing pinter iku pratandhané bocah bodho.
Yèn golèk pinter kudu sregep.

C. *TEMBUNG TUNGGAL TEGES.*

Tembung-tembung sing dicap miring gantinen tembung liya kang padha tegesé!

Aku wis nampa kintaka saka kowé.
Abimanyu wus wasis olah perang.
Jeneng sira dadi bocah sing pinter.
Para murid golèk kawruh ing pawiyatan.
Mumpung mudha golèka kawruk utama!
Muga-muga kabèh kaparingan widada.
Angger temen-temen, apa kang disedya mesthi kelakon.
Aku arep sekolah ing pamulangan luhur.
Aja kendhat anggonmu sinau!
Sumurupa kulup, wong sinau iku ora gampang.

D. *TEMBANG.*

GAMBUH.

1. *Wajibé murid iku,*
titè tlatèn anggoné sinau,
ora wegah ora mamang ora wedi,
samubarang kang kalaku,
kudu bener lawan maton.
2. *Manawa golèk ngèlmu,*
waspadakna aja nganti klèru.
ngèlmu iku ana ala ana becik,
miliha ngèlmu kang nyata,
aja gampang gugon tuhon.

E. *NULIS JAWA:*

Tembang ing dhuwur tulisen nganggo aksara Jawa!

F. *MILIH TEMBUNG.*

Pilihèn tembung sing kokanggep bener kanggo ngganepi ukara ngisor iki!

Jarit iki yèn dakenggo bebedan rada (cupet; cekak; cendhak).

Layang kabar iki ngemot crita (cūpet; cekak; cendhak).

Yèn wis (cupet; cendhak; cekak) ududé buwangen!

Garisé kurang (bener; lenceng; lempeng).

Mlakua ngalor (bener; lenceng; lempeng), aja ménggak-ménggok!

Anggoné nyipat sing (bener; lenceng; lempeng)!

Mas Utama iku priyayi (dhuwur; luhur; unggul).

Anggoné mènèk teka ing tataran kang (dhuwur; luhur; unggul) dhéwé.

Kapinterané luwih (dhuwur; luhur; unggul) katimbang kancané.

G. NGARANG.

Gawéa layang marang kancamu kang isiné kowé awèh kabar manawa anggonmu sekolah mungḡah klas nem!

H. NGRAMPUNGAKE UKARA.

Anggoné sekolah nganti

Anggoné nyambut gawé nganti

Anggoné mangan nganti

Anggoné ngentèni nganti

Anggoné mbengok nganti

Jogané saponana nganti!

Pitiké pakanana nganti!

Tandurané siramana nganti!

Kulahé tawunen nganti!

Berasé sosohen nganti!

I. CRITA.

Kowé apa wis tau maca layang kabar basa Jawa?

Yèn wis critaa marang kancamu!

Apa jenengé layang kabar iku? Apa waé sing kamot ing kono?

Lan sapanunggalané.

16. T E T U L U N G

Soré-soré Sutarti mlebu ing omah karo nggéndhong bocah lanang cilik, kira-kira sangang taun umuré. Bocah iku jenengé Tompi, dlamakané gubras getih.

Sawisé bocah iku dilungguhaké ing ambèn, Sutarti nuli njupuk wédang anget lan pethèn wadhah tamba warna-warna.

Sutarti ora ngucap apa-apa, mung bikut ngupakara bocah iku. Dhisiké wisuh tangan, banjur njupuk kapas kanggo ngresiki sikil sing ketaton. Getihé durung tuntas, isih mili dléwéran.

Tandangé Sutarti cak-cek kaya juru rawat. Sikilé bocah iku nuli dikesut nganggo banyu anget, déné dlamakané sing nandhang tatu diresiki nganggo banyu sing aran burwater. Taturané dipèjèt-pèjèt supaya tuntas getihé lan manèh yèn ana reregedé supaya katut metu.

Si Tompi pringas-pringis ngampet larané.

Bareng wis resik temenan, taturané nuli diusar-usari tamba warnané abang semu ireng, jenengé pérubalsem. Tompi krasa lara. katoné mimblak-mimblik arep nangis.

Tatu iku nuli ditutup kapas resik lan diblebet mori lemes. Tompi dikon ngadeg lan nyoba mlaku. Lakuné kecincigan.

Tompi ditakoni apa sababé tatu iku. Tompi crita, manawa mlayu-mlayu ngoyak layangan pedhot, dlamakané midak beling pecahan gendul.

Tompi nuli diteraké mulih marang omahé. Bareng teka ing omahé, wong tuwané Tompi senengé ora karuhan lan awèh panarima. Sutarti dialem, déné becik temen bebudèné, gelem tetulung marang bocah kang nemu kacilakan.

A. PITAKONAN.

1. Sutarti nggéndhong sapa?
- 2.. Kira-kira bocah iku pira umuré?
3. Bocah iku kena apa?
4. Apa sing gubras getih?

5. Sutarti njupuk wédang anget.
Kanggo apa wédang iku?
6. Tatuné diresiki nganggo apa?
7. Sawisé resik nuli ditambahi apa?
8. Tatu iku kudu resik.
Apa sababé?
9. Tompi mimblak-mimblik.
Apa sababé?
10. Kepriyé wong tuwané Tompi sawisé anaké ditulungi déning
Sutarti?

B. *NGRAMPUNGAKE UKARA.*

Sutarti njupuk kapas kanggo
Dirham njupuk kapur kanggo
Tini njupuk èmbèr kanggo
Minah njupuk klenthing kanggo
Pak Karta njupuk slepèn kanggo
Dulah njupuk kreneng kanggo
Harna njupuk kisa kanggo
Yu Dinah njupuk impes kanggo
Embok Karta njupuk jantra kanggo
Harsana njupuk wedhung kanggo

C. *NGOWAHI TEMBUNG.*

Tembung-tembung kang dikurung owahana salaras karo ukarané!

Tatuné (resik) nganggo wédang anget.

Yèn ora (resik) gampang kena lelara gudhig.

Wong sakampung padha (resik) ing pakarangané dhéwé-dhéwé.

(Tandang) Sutarti kaya juru rawat.

Yèn (tandang) gawé aja grusa-grusu!

Gawéané durung (tandang) kabèh.

Sutarti seneng (tulung) marang pepadha.

Dhokter awèh (tulung) marang wong lara.

Upama kuthuk iku ora (tulung) mesthi klelep ing blumbang.

Awaké dhéwé kudu gelem (tulung) marang sapa waé.

D. *MILIH TEMBUNG.*

Pilihén tembung sing mathuk karo ukarané!

Tangané sing tatu nuli (dibuntel; diblebet) mori lemes.

Kacangé (dibuntel; diblebed) dluwang koran.

Yu Minah (nggéndhong; mbopong) ténggok isi gori.

Yu Nisah (nggéndhong; mbopong) bayi karo tetembangan.

Gendéra iku (rupané; warnané) abang putih.

Bocah iku (rupané; warnané) bagus.

Angger-angger asu iku (nyaplok; ngemplok) laler.

Basuki lagi (nyaplok; ngemplok) sega sapulukan.

Pak Munir (nginceng; nginjen) manuk kang méncok ing pang
asem.

Maling iku (nginceng; nginjen) saka jendhéla.

E. *PARAMASASTRA.*

Tembung "krasa" mauné awujud tembung "karasa".

Tembung "mlebu" mauné awujud tembung "malebu".

Terangna :

klepyur	=	prupul	=
klelep	=	prentul	=
blebeg	=	krepes	=
bleber	=	kreseg	=
krelip	=	mlayu	=
kretèp	=	mlaku	=

F. NGRAMPUNGAKE UKARA.

Titik-titik ing ukara ngisor iki isènana tembung rangkep kang cocog karo ukarané!

Tatuné supaya tuntas getihé. (pèjèt)
Tatuné dipèjèt-pèjèt supaya tuntas getihé.

Bocah iku sangang taun umuré. (kira)
Kombang iku mabur golèk kembang. (ider)
Anggoné nunggang pit isih (égol).
Tatuné sing abuh salep. (usar)
TOMPI nguyak layangan pedhot. (layu)
Badhu turut dalan. (gèlèng)
Wong ngemis iku njaluk pangan. (asih)
Anggoné kathokan katon wudelé. (èntèng)
Guruné gumun karo dhadha. (tebah)
Anggoné mlaku mamburi. (tolèh)

G. NULIS JAWA.

pringas-pringis	mangan klepon
kriyap-kriyip	jaran klelep
krubyak-krubyuk	manuk swari
klelar-kleler	mangan kwèni
kluyar-kluyur	jajan kwaci

H. NGRACUT UKARA.

Sutarti nggéndhong Tompi.

Sutarti	=	jejer
nggéndhong	=	wasésa
Tompi	=	lésan

Garapen kaya tuladha ing dhuwur!

Guru mulang murid.
Hardi maca koran.
Kirdi nulis layang.
Tuti ngrajang brambang.
Tinah nguleg sambel.
Giman negor wit munggur.
Hastuti ndondomi klambi.
Murwani methiki kembang.
Darmaya nglambèni adhiné.
Siswanta nggebugi asuné.

I. *NGARANG.*

Gawéa karangan nganggo irah-irahan :

1. Nambani bocah lara.
2. Tilik bocah lara.
3. Nulungi bocah kasangsaran.
4. Aku kepéngin dadi juru rawat.
5. Nemu bilai

J. *PITUTUR.*

1. Hèh anakku. surasanen pituturku,
jroning atinira.
talitinen kanthi becik,
mbokmanawa piguna tumraping sira.
2. Gunem iku, bisa luput bisa klèru,
sanadyan pintera,
kadhang kala bisa sisip,
wis kodraté manungsa ora sampurna.

3. Mula iku, éling-éling pra siswaku,
aja padha ndléya,
sing nastiti ngati-ati,
barang karya ywa kasesa kang prayoga.
4. Aja lumuh, angudi sakèhing kawruh.
tumrap uripira,
ala apa wong marsudi,
ora ana wong nacad pakarya tama.
5. Sing mituhu, mring piwulang kang satuhu,
aja agé nacad,
yèn durung weruh lan yakin,
lelimbangan mbokmanawa awèh begja.
6. E anakku, élinga tutur rahayu,
yogya tampanana,
candhinen sajroning galih.
mangka sangu urip anèng ngalam donya.

Ki Ajar Panular.

EJAJAN BASA JAWA

a	= aku, apa	m	= mara, sami
b	= bisa, ibu	n	= nata, nini
c	= cara, kacang	ng	= sang, wungu
d	= dudu, dadi	ny	= nyata, banyu
dh	= dhuwit, adhi	o	= ora, elo
e	= emas, wulet	p	= pipa, pupu
e(é, è)	= résé, pèthèk	r	= rasa, rupa
g	= gaga, sega	s	= sapi, susu
h	= saha, Daha	t	= topi, tatu
i	= iki, rai	th	= bathi, puthu
j	= jaya, maju	u	= ula, wulu
k	= kula, iku	w	= siwa, awu
l	= lima, lola	y	= ayu, bayi
		f, q, v, x, z	miturut kaperluan.